ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№83 (24.209) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 13, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ЗэIущIэхэр

Чайкэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым зыхегъэзагъуаз

Къэзакъхэм я зэхуэсым ирохьэлIэ

Бадзэуэгъуэм и 9 - 15 махуэхэм Налшык къалэ щокIуэкI «Къэзакъ зекъуэтыныгъэ-2021» V евразие форумыр. Ар Iэтауэ къыдэIуахащ бадзэуэгъуэм и 10-м. Къэзакъ щIалэгъуалэм я форумым и япэ махуэм зыкъраГъэхьэлIащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ **Чайкэ Юрий**, КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, Тэрч къэзакъыдзэм и атаман **Кузнецов Виталий**, Къэзакъхэм ядзпсэкъэнымкIэ Синодальнэ комитетым и унафэщI, Ставрополь-рэ Невинномысскрэ я митрополит **Кирилл**, Пятигорскрэ Черкесскрэ я архиепископ **Феофилакт** сымэ, нэгъуэщI къулыкъущIэхэм. Къэзакъ форумым хэтщ Урысейм и хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа щIалэгъуалэу 130-рэ.

Зэхуэсыщхьэм щIидзэн ипэкIэ Чайкэ Юрийр и гъусэхэмрэ елIащ къэзакъ щIалэгъуалэм къызэрагъэпэща гъэльэгъуэныгъэм. Псоми яфIэгъэщIэгъуэнащ «Къэзакъхэм я тхыдэр» къелшэкI хъу мультимедийнэ музейр, Тэрч къэзакъхэм я ресурснэ центрыр, нэгъуэщIхэри.

Чайкэ Юрийрэ Кузнецов Виталийрэ щIалэгъуалэм епсэлъэныжьI яублащ форумыр. Къэзакъхэм ди къэралым щабыд увыпIэр, псэукIэр, кIалэныр яубзыхумэ яфIэигъуэу, щIалэхэм кулыкъущIахэм упщIэхэр иратащ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, къызэхуэсахэм яфIэгъэщIагъуэнт Тэрч къэзакъыдзэ зэгухьэныгъэм Кавказ Ищхъэрэм кадет къэзакъ корпус къыщIэзэIуихыным епхаУэ щыIэ епIыкIэр, къэралым къыщызэрагъэпэщ грант зэпеуэхэм унэтIныгъэ щхьэхуэ хагъахьэныр яфIэигъуэт, кърат ахъшэр къэзакъхэм я зыужьыныгъэм трагъэкIуэдэн папщIэ.

Къызэхуэсахэм щепсалъэм, Чайкэ кIыхьигъащащ езым и лъабжьэр къэзакъхэм я деж къыззэрыщежьэр.

- Сэ си адэшхуэр къэзакъ шууищэм (сотням) и Iэтащхьэу щытащ, ар граждан зауэм хэкIуэдащ. Си жагъуэ зэрыхъунщи, сыт хуэдизэ сымыIыхьуами, абы и кхъащхьэр къыхсхуэгъуэтыжакъым, - жиIащ Чайкэ Юрий. Къэзакъыр си дежкIэ псалъэ къызэрыгуэкIкIым, си къуэпсми, сщIэт лъыми аращ я къежьапIэр.

КИФЩI-м Тэрч къэзакъыдзэ зэгухьэныгъэм кадет къэзакъ корпус къыщызэIуихыным къыщытеувIэм, Президентым и лIыкIуэм жиIащ абы теухуауэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Мишустин Михаилрэ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергейрэ зэрепсэльар икIи а Iуэхум Есэнтыгу станицэм и гъунэгъуу гектари 5 зэрыхухахар. Чайкэ жиIащ щIалэ 300 хуэдизи зыщIэхуэн кадет корпус зэраухэунр, ар илъэситIым кърибыдзу яухыну зэрамурадыр. ЩIалэгъуалэм защыхуигъаазэм, абы игъэбелджылащ зэхуэсым и щIэр ауэ сытми къызэрамыгупсысар, къэзакъхэр зэкъуэтын, я блэкIар яхъумэурэ къыдэкIуэтей щIэблэр зэкъуепсу гъэсэным хущIэкъун зэрыхуейр. Апхуэдэущи дыщIигъащ къэзакъ зэгухьэныгъэм зегъэужьыным Урысейм и Президентым гулыитэ хэха зэрыхуищIыр, къэзакъхэм ятеухуауэ къэрал политикэ хэха зэрекIуэкIыр. Абы хохьэ щIэблэр хэкупсэу, псэкупсэ къулеягъэ ябгъэдэлъу, гъэсэныгъэ яхэлъу къэгъэхъун, къэрал щIалэгъуалэ политикэм къэзакъ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр жьыджэру къыхэшэн зэрыхуейр.

МахуитхукIэ екIуэкIыну форумым лекцэхэр, дерсхэр хэтынущ, къэзакъ хабзэхэмрэ щэнхабзэ къулеигъэхэмрэ щрагъэлъагъунущ, апхуэдэуи къезыгъэблагъэ щIыпIэм ихсэм я щэнхабзэм зыщагъэгъуэзэну Iэмал иIэнущ.

- Мыпхуэдэ зэхьыхьэм щIэныгъэрэ акъылрэ щызэвгъэгъуэтмэ, нэгъуэщIхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр щызэвгъащIэмэ, фэ Iэмал фиIэнущ ди зэхуэдэ лэжьыгъэм фи гуащIэ хэфIъхьэну, урысей къэзакъ тхыдэм фыхэлIыфIыхьыну. Иджыпсту ди Iуэхугъэ кIуэтэныкIэ къэрал къулыкъущIапIэхэр сэбэпышхуэ мэхъу. Псалъэм папщIэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэзакъ IэхэуэхэмкIэ Президентым деж щыIэ совет къызэригъэпащ. Ар хуабжьу сэбэн хъунущ къэзакъхэм я Iулыджьир жылагъуэм и пащхьэм къыщыIэтыкъыныкIэ, - жиIащ къэрал Iэтащхьэм и лIыкIуэм икIи щIалэгъуалэм ехъуэхуащ мы махуэхэр гукъинэжу, купщIафIэу эздагъэкIуэну.

Налшык и зыужьныгъэм топсэлъыхь

Лэжьыгъэ IуэхукIэКъэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэкIуэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий ирагъэпльагъуэ Налшык федеральнэ мыхьэнэ зиIэ и зыгъэпсэхупIэ щIыпIэм зэрызагъэжьыну инвестицэ проект иныр. Абы Чайкэ Юрийрэ КIуэкIуэ Казбекрэ я пащхьэм убгъуауэ щытепсэльыхьащ «RTDA» архитектурэ бюром и генеральнэ унафэщI Лепёшкинэ Марие. Налшык зыгъэпсэхупIэр хэхауэ яхъумэ щыIэ пIэхэм ящыщщ, абы гектар 363,35-рэ къеубыдащ. А щыпIэр зыщагъэпсэху, зыщагъэхъуж Iуэхущ IапIэхэм нэхъ тегъэщIауэ къызэрызэрагъэпэщцыжьынымрэ щауХуэнухэмрэ щызэпкърыха проект гъуэзэджащ Лепёшкинэм утыку кърихьэр, абы зэрыжиIамкIэ, проектри, епха дэфтэр Iуэхухэри 2021 гъэм и кIэм хьэзыр хъунущ. ИтIанэ ар УФ-м «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зыужьныгъэ» и къэрал программэм программэ щхьэхуэу хагъахьэнырэ Iуэхум иужь ихьэнущ.

Чайкэ Юрий жиIащ проектыр хуабжу иту зэрырихьар. «Кавказыр Урысейм игуу къалытэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр абы и курыхущ, - къыхигъэщащ хьэщIэм. - Мыр уКъыззэмыплъэкIыу ипэкIэ ущыкIуэтэн хуей щIыпIэщ - щынагъуэнщэщ, дахэщ, зыгъэпсэхупIэрэ зыгъэхъужьыпIэкIэ бейщ. Ар туристхэм хуабжьу ягу ирохь».

КIуэкIуэ Казбек къэрал Iэтащхьэм и лIыкIуэм фIыщIэ хуищIащ и лэжьыгъэмрэ гулыитэмрэ папщIэ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу Кавказ Ищхъэрэ псоми я зыужьныгъэм и стратегиер уэ уи фIыщIэкIэ къащта хуауэ лэжьыгъэшхуэ иокIуэкI. Уэ УФ-м и Правительствэм уэрыдзлажьэм къриКIуэнущ ди республикэмки КИФЩI-ми я экономикэм нэхъ жыдэру зиужьныныр», - жиIащ КIуэкIуэм.

Чайкэ жиIащ Кавказ Ищхъэрэр зэримыхамэр, и къежьапIэр мы щIыналъэм зэрепхар, абы къыхэкIыу и хэкужь къэкIуэж хуэдэу къызэрильытэр. «Псоми ди зэхуэдэ къалэн нэхъыщхьэр Кавказ Ищхъэрэр къэIэтыныщ. Хэгъэгухэм я Iэтащхьэхэм я мурадкэр зрагъэхъуIэныкIэ дэIепыкъуэгъу дыхъунырщ», - дыщIигъащ хьэщIэм. Къаблуэ туристхэм я бжьигъэм щыщIэупщIэм, КIуэкIуэм жиIащ мы гъэм мин 600 къэкIуэну зэрыгъэпыхьар, ар пандемиер къыщемыжьэ 2019 гъэм епльытри - процент 35-кIэ, 2020 «пандемие илъэсым» ебгъапщэмэ, процент 70-кIэ зэрынэхъыбэр.

Зэрызэдэлэжьэнур яубзыху

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрийрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ я зэдэлэжьэныгъэм щытепсэльыхьа зэIущIэ щхьэхуэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм и гугъу ящIащ ди хэгъэгум и социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ зыужьныныгъэхэм. Псом хуэмыдэу хэпльащ мэкъуауэгъуэм и 15-м УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Мишустин Михаил Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм социально-экономикэ зыужьныныгъэмкIэ правительство комиссэм хэтхэм ядригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщащта унафэхэр гъэзэщIа зэрыхъум. Апхуэдэуи КъБР-м и Iэтащхьэм щыналъэм щыIэ санитар-эпидемиологие щытыкIэр зыхуэдэм хэзыгъэр щигъэгъуэзащ. Чайкэ жиIащ вакцинэ зыхегъэпхъэным иIэ мыхьэнэр цIыхухэм къагурыгъэIуэныкIэ республикэм щекIуэкI лэжьыгъэр нэхъри щIэгъэхуэгъбжьэн зэрыхуейр. Къапщтэмэ, ди республикэм ис цIыху мин 90-м вакцинэр зыхрагъIуащ, иджыри махуэ хъэс цIыху минитIым зыхрагъалъхъэ. Хэгъэгум и щIыналъэ псоми вакцинэр цIыхухэм щыхалъхьэ Iуэхущ IапIэхэр яIэщ, здэщыныIэм дохутырхэр макIуэ.

Чайкэ къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ туризмэм зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ зэрIэр.

- Кавказ Ищхъэрэм и зыужьныныгъэ стратегием КъБР-м ифI зыхэлъ Iыхьэ куэд хэтщ, - жиIащ КIуэкIуэм. - Ахэр гъащIэм хэпща хъумэ, республикэм къыщыщIагъэкIми, щащIэ Iуэхутхьабзэхэми, туризмэми куэдкIэ хэхъуэнущ, фейдэи кIыпэкIуэнущ. НетIэ зи гугъу тщIа проектышхуэри хэтмэ, зыужьныныгъэ инхэр кIыхьпотIыс. Сом меларди 10 инвестицэу кIыхьалъхьну тщIыщIыхьащ, ар дорожкэ мащIэкIыным. ЦIыхухэм Iуэхутхьабзэ яхуэщIэн унэтIныгъэмкIэ блэкIа илъэс ныкъуэм ди хэхъуэр процент 120-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Абы ипкъ иткIэ, нэгъабэрей илъэс ныкъуэм диIа хэхъуэм елъытауэ, республикэ бюджетым сом зы мелард къыIэрыхьащ. Республикэ бюджетым иIэ хэхъуэр зэрыщIэту къапщтэмэ, дэ ди Iыхьэу хэлъыр процент 28-рэ мэхъу. Адэкъи туризмэр зэредгъэфIэкIуэнум ижь дитынущ.

Чайкэ Юрий арэзы техъуауэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ къызэрызэригъэпэщым икIи и мурад псори къызэрехъулIэнум шэч къызэрытримыхьэр жиIащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замиря.

Тэрч муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Курп Ищхъэрэ къуажэм щагъэувауэ щыта мардэ пыуыкIаХэр (карантиныр) щхьэщыхьыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм «Ветеринарием и Iуэхукъэ» и Закон №4979-1-м, 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащтам, «Хьэщхьэрыуэ узым земыгъэбгъэным икIи ар гъэкIуэдыным хуэгъэзауэ профилактикэ, диагностикэ Iуэхуэр зэрыргъэкIуэкI, мардэр пыуыкIаХэр, кьинэмыщI мардэхэр зэрагъэув ветеринарие хабзэхэр къащтэным теухуауэ» Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм 2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 25-м къыщта унафэ №705-м тету икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ВетеринариемкIэ и управленэм и унафэщIым №38-03-02-865-м щIэту 2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м къыгъэхьа тхыгъэм ипкъ иткIэ:

1. «Псэущхьэхэр хьэщхьэрыIуэ узым щыхъэмным хуэгъэза мардэ пыуыкIаХэр (карантин) Тэрч муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Курп Ищхъэрэ къуажэм щагъэувыным и Iуэхукъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2021 гъэм накъыгъэм и 14-м къыдигъэкIа унафэ №58-РГ-м ипкъ иткIэ яГъэува мардэ пыуыкIаХэр (карантин) щхьэщыхьыжьым.

2. Къару имыIэжу къэзыгъэтэн «Псэущхьэхэр хьэщхьэрыIуэ узым щыхъэмэным хуэгъэза мардэ пыуыкIаХэр (карантин) Тэрч муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Курп Ищхъэрэ къуажэм щагъэувыным и Iуэхукъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2021 гъэм и 14-м къыдигъэкIа унафэ №58-РГ-м ипкъ иткIэ яГъэува мардэ пыуыкIаХэр (карантин) щхьэщыхьыжьым.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м
№80-РГ

Ди къуэш республикэхэм

АДЫГЕЙ. ***Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым и секретарь Патрушев Николай Адыгэ Республикэм зэIущIэ щриГъэкIуэкIащ. Абы хэтащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Устинов Владимир, хэгъэгухэм я Iэтащхьэхэр, федеральнэ ведомствэхэм я лIыкIуэхэр.***

ЛIЫЩХЬЭХЭР нэхъыщхьэу зытепсэльыхьар къэралым и ипщэ щIыналъэм и экологие шынагъуэншагъэр. Абы теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэльащ Устинов Владимир икIи къыхигъэбелджылыкIащ экологие шынагъуэншагъэм теухуауэ УФ-м и Президентым Iэ зыщIидза стратегиер зэрылажьэр, абы ипкъ иткIэ «Экологие» пIэлъкъ проектым хиубыдащ ИФЩI-м илъэс кIуам щыналъэ программэу 36-рэ зэрыщагъэзэщIар, ауэ гугъуехьхэр иджыри зэрымымащIэр, 2020 гъэм щыIуэпсым хьиша хущIыныгъэу Ипщэ федеральнэ щIыналъэм сом мелард 1,5-рэ зэриIар.

Патрушев Николай къыхигъэщащ Урысей Федерацэм Лъэпкъ шынагъуэншагъэмкIэ и стратегием дыкъэзыуэхуреихь дунейр хъумэныр, щIыуэпс хьугъуэфIыгъуэхэр зыхуэй хуэзэу зехьэныр, нэгъуэщIхэри гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэхэм ящыщу къыззэрыщыхьар. ДызыхэпсэукIи лъэхъэнэм экологие шынагъуэншагъэр щIыхьэм япэ иригъэщIапхъэ Iуэхугъуэу зэрыщытри дыщIигъащ.

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, сом мелуани 10 къыIэрыхьащ Абазэ щIыналъэм хыхьэ Псыжь къуажэм дэт библиотекэм. 2021 гъэр имыкI щIыкIэ къагъэщIэрэщIэнущ Мыхьцэ Чэрим и цIэр зезыхьэ район библиотекэр. Ар иджырей мардэм изагъэ тхылъ хъумапIэу зэтрагъэпсыхьыжынущ.***

УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм къыщыхаха библиотеки 110-м хэхуащ Псыжь дэтри. Иджы абы лэжьыгъэшхуэр щокIуэкI, нэкъуэдыкъуэхэр тыншу къыщIихьэфын хуэдэу теувапIэхэмрэ бжэхэмрэ хуагъэхьэзыр. Къэралым къыщызэIуаха модельнэ библиотекэхэм ещхьу, абыи пэш нэхуэхэр, хуитхэр иIэнущ, тхылъ дэлъхьэпIэ зэгъэпэщащэр щIагъэувэнущ, сабийхэмрэ балигъхэмрэ яйр зэхэзауэ. ЕджапIэ, тхапIэ щIыпIэхэм нэмыщI, цIыхухэр щызэпсэльэн пIланэрэ хэхахэмрэ зэIущIэ, Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр щекIуэкIыну тренэхэр хэтынущ.

А псом нэмыщI, министерствэм яхухиха ахъшэмкIэ тхылъышIэ куэд хэщащэхущ, я лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм цыхьагъхьуащ Урысей къэрал библиотекэм. Псыжь модельнэ библиотекэр 2021 гъэм и фокIадэм къызэIуахынущ.

ШЫПШ Даянэ.

ЯхуэзэфIэкI ящIэу

2021 гъэм и яп мазихым Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Iэнатlэхэм ерыскъыхьэкI зэмылIэужьыгъуэу сом меларди 9,7-рэ и уасэ къыщIагъэкIащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхуэзэфIэкIам нэхърэ процент 107-кIэ нэхъыбэщ.

Мэкъумэшыщ Iэхэм пIалъэм фIимышу гъатхасэр зэрызэфIагъэкIам и фIыгъэкIэ, хьэсапкъэхэр хъарзынэу къызэщIэрыуэну хунэсащ, бжьыхьэсэм и щытыкIэри нэхъ Iейкъым. СХПК-хэмрэ уней хозяйствэхэмрэ мы гъэм хьэдэпэцэрэ джэщхэкIыу гектар мини 7-м щIигъу, ерыскъыпхъэуи, Iэщым ирагъэшхыну Iусыпхъэуи зыщIигуГъ нартыхуу гектар мин 24-м щIигъу, сэхурану - мини 5, хадэжкIыу - гектар мини 5,7-рэ, кIэрпIофу гектар - 300 хасащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щеха уэм хэщIыныгъэшхуэ языныкъуэ Iуэхущ IапIэхэм яритащ. Субсидиекlэ къэралыр къаззрыдэIепыкъуэр къагъэсэбэпу, ахэр щытыкIэ гугъум къызэрикIыным хэтщ: пIалъэ кIэщIкIэ зызыужь гъаеэ лIэужьыгъуэхэмрэ хадэжкIэхэмрэ щIэрыщIэу трасэж.

Май, Прохладнэ, Тэрч тафэтес щыналъэхэр зэрынэхъ хуабэм къыхэкIыу бадзэуэгъуэм лейуэ зыхуагъэхьэзыр. Iуэхущ IапIэхэр хьэсэм псыр зэрыщIагъэльадэ кIэнаУэхэмкIэ къызэгъэпэщащ, ар зимыIэхэм нартыхупкъэм псыжапIэ мыинхэр хуащI. Прохладнэ, Май щыналъэхэм, псоми къащхьэщыкIыу, тракторым пыдза псыутхыпхъуэхэр зыхъума Iуэхущ IапIэхэр ноби щыIэщи, ахэр иджырей техникэхэм къакIэрымыхуу къагъэсэбэп.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

●Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ



ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - шыщхьэуIум (августым) къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэздз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ IапIэмэ.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 582-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 13, *гъубж*

♦Акъылым зезыгъэужь джэгукIэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Къэзакъстаным шынагъуэншагъэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Черногорием и къаралыгъуэм и махуэщ. 1878 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Черногориер къэралыгъуэ щхьэхуиту зэрыщытыр Берлин конгрессым къыIытащ. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Черногорием къыщызэрыIэтащ фашизмэм, нацизмэм я бий цIыхубэр. А Iуэхугъуэхэрщ лъабжьэ хуэхъуар нобэ къэралым щагъэлъапIэ махуэшхуэм.

♦1697 гъэм Камчаткэ щIыналъэр Урысей къаралыгъуэм къыхихыащ.

♦1728 гъэм урыс хыдзэлI Беринг Витус зекIуэ екъащ. Камчаткэм и Iуфэм щыщIидзэри, абы ищхъэрэкIэ иунэтIащ. Америкэмрэ Азиемрэ яку псы дежкIэ зэриIэр Витус къыщихутар а экспедицэрщ. Нэхъ иужьыIэкIэ абы Беринг и цIэр фIащауэ щытащ.

♦1830 гъэм Урысейм и император Николай Езанэм Iэ щIидзащ «Iэщ Iагъэзграгъэгъуэт еджапIэм техуауэ» унафэм. Абы щыубзыхуар еджапIэ нэхъыщхьэ - иджыпсту Бауман Николай и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал техническэ университетыр - къызэIуахыным пыщIа Iуэхухэрт.

♦1837 гъэм къэрал унафэр зыIэщIэлъ инджылыз унагъуэм щыщу Викторие пащтыхь гущIэр зэрыпсыгъ Iэпхъуащ Букингем уардзунэм.

♦1882 гъэм Москвэрэ Петербургрэ лэжьын щыщIидзащ япэ телефон станцэхэм.

♦1908 гъэм Лондон IV гъэмахуэ Олимп Джэгуэхр кърищIэжащ. Абы япэ дыдзу цIыхубзхэри щызэпеуауэ щытащ.

♦1923 гъэм Лос-Анджелес пэмыжьжьэ Маунт-Ли бгы нэкIум «Голливуд» псалъэ щIыпIэр трагъащ.

♦1930 гъэм Монтевидео (Уругвай) щыщызэIуахащ футболымкIэ япэ дунейпсо чемпионатыр. Къэрал 13-м я командэ кхыхэхахэр хэтащ абы. Уругвайр абы чемпион щыхъуат.

♦1944 гъэм советыдзэхэм Вильнюс къаларр нэмыцэфашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦1955 гъэм СССР-м къыщыдзэкIащ «Иностранная литература» журналым и япэ номерыр. Хэку зауэшхуэм ипэкIэ абы зэрреджэу щытар «Интернациональная литература» жиIэущ.

♦1990 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэр.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цIэрыIуэ **Пуговкин Михаил** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Новиков Борис** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта совет тхакIуэ цIэрыIуэ, РСФСР-м Горькэм и цIэр зэрихьэу щыIа Къэрал сауТэтыр зэрата **Пикуль Валентин** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Совет къуэхьлъатэзэхуэкосмонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и Лыхъужь **Елисеев Алексей** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ, тхакIуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Брай Адэлбий** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ-график, скульптор, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ художник **Пащт-Хъан Алим** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 14, *бэрэжьей*

♦Иракым щагъэлъапIэ я революцэм и махуэр. Къаралыр зи унафэм щIэт пащтыхьыр 1958 гъэм традари, Иракыр Республикэ хабзэм зэрытеувэр хэIущIыIу ящIащ.

♦Осетие Ипщэм щыIэ мамырщIэкъу къарухэм я махуэщ

♦1789 гъэм Бастилиер (Париж) къыщащта махуэщ. Франджы революцэшхуэм щыщIидза махуэу яГъэлапIэ ар.

♦1860 гъэм Урысейм и къэрал банкыр къызэрагъэпэщащ.

♦1867 гъэм Инджылызым щыIэ Рэдхилл мывэ къыщIэхьапIэм Нобель Альфред яп дыдэу щигъэлъэгъуащ къигупсыса динамитым и лъэщагъэр.

♦1896 гъэм Новгород Ищхъэрэм щекIуэкIа выставкэм щагъэлъэгъуащ япэ урыс автомобилыр.

♦1897 гъэм Урысей къаралыгъуэм тхьэмахуэ махуэр зыгъэпсэхугъуэу зэрыщыщытыным теухуа унафэ къащтащ.

♦1901 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ цIыхухэр фадэм демыгъэхьэхыным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

♦1903 гъэм лажьэу яутIыпщащ Транссибыр гъущI гъуэгур.

♦1909 гъэм къызэIуахащ Сочэ и иджырей зыгъэпсэхупIэ зэпэщхэм лъабжьэ яхуэхъуа «Кавказская Ривьера» санаторэр. ЦIыхухэм я нэгузегъэужьыпIэфIу къалъытэу ар нобэр къызэдэсым мэлажьэ.

♦1917 гъэм Финляндиием автономие игъэтащ.

♦1939 гъэм Магадан къуажэр къалэ хъуащ.

♦1941 гъэм яп дыдэу зауэм къыщагъэсэбэпащ БМ-13 Iэщэр, совет сэлэтхэм зыфIэгъыцIэу «Катюша» зыфIащауэ щытар.

♦1945 гъэм Париж къалэм ТекIуэныгъэм и парад щекIуэкIащ. Яп иту уэрамым ириклIащ Франджым и Лыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхэр.

♦1946 гъэм къыщэкIащ США-м щыщ сабий дохутыр Спок Бенджамин и тхылъ цIэрыIуэр - «Сабийм кIэлъыплъыныр ар гъэсэныр» зыфIищар.

♦1956 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къэрал пенсэхэм ятеухуа законыр къищтащ.

♦1957 гъэм Налшык щекIуэкIащ СССР-м их лъэпкъ псоми я тхакIуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта пшыхь гъэщIэгъуэн.

♦1965 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къафэмкIэ «Кабардинка» ансамблу зэрахъэкIащ.

♦1993 гъэм НТВ телеканалыр къызэрагъэпэщащ.

♦Адыгей тхакIуэ **Щоджэн Iэюб** къызэралъхурэ илъэсиз 117-рэ ирокъу.

♦Курджы тхакIуэ, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтэр зрата **Думбадзе Нодар** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Урысей лэжьакIуэ цIэрыIуэу щыта, ЫкIАССР-м и Министрэхэм я Советым и УнафэщIу 1988 - 1991 гъэхэм лэжьа **Мамхэгъ Михаил** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Совет спортсмен, лыжэм тету лъагапIэм къелъэныкIэ олимп чемпион, гъэсакIуэ **Белоусов Владимир** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакIуэ, тхакIуэ **ГутIэ Саният** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей уэрэджьIакIуэ, УФ-м щыIэх зиIэ и артистэ **Телегинэ Пелагея** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

ЗыгъэхьэзырапI **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къуажэ дэз Iыхьлы нэхърэ - жылэ и зырыз благъэ.

НэхъыфIхэм йогуапэ

Къэрал кIэуцI Iэхъухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Павлов Василий следователь нэхъыфIхэм ехьуэхъущ.

КъБР-м щыIэ МВД-м пэщIадзэ следствэмкIэ и Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэу «И Iэщlагъэмкlэ нэхъыфI» - «Следователь нэхъыфI» зэпеуэм щытекIуахэу КъБР-м щыIэ МВД-м следствэмкIэ и управленэм и следователь нэхъыжь, юстицэм и майор **Федин Мурат** ведомствэм и ЩIыхь тхылъыр, Урысей МВД-м Тэрч районым щIэ и къудамэм следствэмкIэ и Iэнатlэм и следователь, полицэм и капитан **Гъущlапщэ Аэзмэт** фIыщIэ тхылъыр хуагъэфащащ.

Къищынэмыщlауэ, мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр щыIэхэр гъэхым жэрдэмрэ жэуаплныгъэу къигъэлъэгуэм папщIэ республикэм къэрал кIуэцI Iэхъухэмкlэ и министр, полицэм и генерал-майор Павлов Василий унафэ ищlащ Фединым ахъшэ саугъэту сом мини 100 иратыну.

Павлов Василий Федин Муратрэ Гъущlапщэ Аэзмэтрэ фIыщIэ яхуищlащ я псэемыблэж лэжьыгъэмрэ Iэщlагъэм зэрыхуэIэижьыимрэ папщIэ икIи адэкIи екъуIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну ехьэхъуэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Шахмат джэгупIэ унэр къагъэщIэрэщIэж

ХьэтIохъущокъуэм и хадэм ит шахмат унэ щIыкIыр зэрагъэпэщыжьи зэраухам щыгъуазэ дещI Налшык къалэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймураз.

«Куэд щIакъым ХьэтIохъущокъуэм и хадэм ит шахмат джэгупIэ унэ щIыкIыр къэдгъэщIэрэщIэжьи мурад зэрыдиIэр зэрыдгъэIуэр, - щетх къэралгъэтым Инстаграмым щIэ напэкIуэцIым. - Си гуапэу хъыбар фызэогъащIэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыдухамкIэ, шахмат унэр хьэщIэ къыщыхуеблагъэнум зэрыпэпльэмкIэ».

«Зи гугъу тщIы ухуэныгъэм совет зэман лъандэрэ нэхъыжьми нэхъыщIэми зыщагъэпсэхун яфIэфIу итщ ХьэтIохъущокъуэм и хадэм. Абы щыплъагъурейт газет, тхылъ зэгуэха зыIыгъэхэри, шахмат щызэздзджэгуэхри. Ар дигу илъу, къалэн зыщыщIыжат а унэ цIыкIум совет зэманым иIа пщIэр едгъэгъэтыжьыну, абы щыбгъуэту щыта гупсэхугъуэри зэрыкъуькIэ кIэрымыхуу, - ет Ахъуэхъум адэкIэ. - Унэр щыэзетхъэм абы шахматыр уигу къигъэкIыу къыззырдгъэнэнымдыхущIэкъуащ. «Шахматыдзэм щыщ зауэлIхэр», ухуэныгъэр яхъумэм хуэдэу, щытщ щыхьэпIэм деж. Унэ кIуэщIым шахмат пхъэбгуу 8 щыкъуэдиящ, дэтхэнэ зыми уэздыгъэ къешэлIауэ. Пхъэм кьыхэщIыкIа тетIысхьэпIэхэри ихъуреягъкIэ къедгъэувэкIащ, я ноутбукыр яIыгъыу шахмат унэ щыкIым щылэжьэну мурад зыщIынкIи хъунухэм папщIэ. Унэм и хъуреягъыр удз щхъуантIэм зэщIиблэнчущ. Дэтхэнэ зыри кьыдогъэблагъэ шахмат унэ щыкIым къекIуалIэу и гукъыдэжьыр къиIэтыну. Щэч къытехьэрэкъым ар кьыпдэдэсхэм я псэм зыщигъэпсэху щыIпIэ зэрыхъунум».

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Ди махуэгъэпс

Иужьрей Iуэхугъуэр нэхъ дыкъэзыгъэгузавэщ

ЩIы Хъурейм цIыхуу тесым я дунейпсо махуэу (World Population Day) бадзэуэгъуэм и 11-р къыщалъытар ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зэIущIэу 1990 гъэм и дыгъэгъазэм екIуэкIарщ. А пIалъэм щIрагъэхьэлIам и зы щхьэусыгъуэзу 1987 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-р ди планетэм цIыхуу тетам я бжыгъэр меларди 5-м щыщхьэдэхэ махуэу зэрыщытыр.

ТХЫДЭ мыжыжьэм къызэрыхэощхьымкIэ, ООН-м хэтхэр а Iуэхугъуэм нэхъ щхьэтечу тепсэлъыхь щыхъуар 1960 гъэм къыщыщIэдзауэщ. ИрипIейтейуэ щIрагъэжьари щхьэусыгъуэнщэтэкъым, къыкIэлъыкIуа илъэс пщы бжыгъэм къриубыдэу, нэхъ пыухыкIауэ къыжьатIэмэ, 1999 гъэм и жэпуэгъуэм нэсыху, ЩIы Хъурейм цIыхуу тесым я бжыгъэр тIукIэ нэхъыбэ зэрыхъуар (меларди́хъуэм фIэкIыу) къэтлъытэмэ.

АтIэми, ООН-м щылажьэхэр мы Iуэхум апхуэдизу щIытегузэвыхьыр дэркIэ нэхъ гурыIуэгъуэ хъунут, ди планетэм цIыхуу тесым я бжыгъэр адэкIэ нэхъ псынщIэжу зэрыхэхъуами, дляпкIэ дызыхуэкIуэнкIэ хъуну щытыкIэми (щIэныгъэлIхэм зэрыжаIуэу) гумызагъагъэ тхэлъу щыгъуазэ зыхуэтщIауэ щытамэ.

Кьыхэдгъэщынщи, лIэщIыгъуэ блэкIахэм ЩIы Хъурейм цIыхуу тесам я бжыгъэр, зэрызихъуэжа щIагъуэ щымыIэу, екIуэкIащ. Уеблэмэ, псори зэхэлъытауэ меларди́м щынэсар XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм я зэпылъыпIэрщ. Арщхьэкlэ, адэкIэ кьэхъуар гъэщIэгъуэн дыдэщ: ди планетэм цIыхуу тесам я бжыгъэр меларди́тIым нэсыным ихьар абы кьыкIэлъыкIуа илъэси 130-рэ иримыкъуащ! Ауэрэ здекIуэжкIым, 1950 гъэм ди планетэм цIыхуу тесхэр меларди́ м 2,5-м щхьэдэхащ.

Ямылейуэ хэхъуэн щыщIэддзар, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, ХХ лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэрщ. Апхуэдэу, 1974 гъэм меларди 4-м дынэсащ. Илъэс 13 дэкIри, ЩIы Хъурейм къытехутащ меларди́тхум «дынэзэхусар». Адэкlэ кьыкIэлъыкIуа илъэс 12-р зэриухыу (XXI лIэщIыгъуэм дыщыхьхьам), псори дызэхэту ди бжыгъэр меларди́хым щхьэдэзыгъэха сабийр дунейм къытехьащ. Иджыри илъэс 12 кьыщыззэдэкIа 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м ООН-м хъыбар зэбгригъэхащ ЩIы Хъурейм цIыхуу тесым я бжыгъэр меларди 7-м зэрынэсамкIэ.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащамкIэ, 2023 - 2024 гъэхэм къриубыдэу, ди планетэм цIыхуу тетым я бжыгъэр меларди 8-м щIигъунущ. Ауэ щхьэхъукIи, ЩIым цIыхуу тесым я бжыгъэр, 1800 - 2024 гъэхэм къриубыдэу, хуэдиикIэ хэхъуэнущ! ДызыхуэкIуэ илъэсхэмэ апхуэдэу екIуэкIмэ, зэрыгурыIуэгъэщIи, нэхъ псынщIэжу нэхъыбэж дызэрыхъунум шэч къытехьэгъуейщ.

ИтIани, дызэрыщыгъуазэщи, ди планетэм щыпсэухэм я бжыгъэр къэралхэм, щыналъхэм, континентхэм зэрыщыхэхъуэр щызэхуэдэкъым.

ХХI лIэщIыгъуэм, псоми зэрытщIэщи, нэхъ дыкъэзыгъэгузавэ Iуэхугъуэу кьыкъуэкIахэм ящыщщ ди планетэм и щхьэфэм иIыгъ хуабагъэм хэхъуэ зэпытурэ зэрекIуэкIыр. Апхуэдэу щIэхъум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу щIэныгъэлIхэм къальытэр ЩIы Хъурейм щыпсэухэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъым и мызакъуэу, езы цIыхухэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэмэ зэрыщIагъэхуэбжьарщ. Уеблэмэ, иужьрей Iуэхугъуэр нэхъ дыкъэзыгъэгузавэщ.

Араущи, зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэм нэхъ гумызагъэу драгупсысын щхьэкIэщ ЩIы Хъурейм тесхэм я дунейпсо махуэр кьыщыкъахьэрэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Уэлбанэ нэужьым

Мы махуэ зэкIэлъыкIуэхэм къешха уэшхышхуэм и Iэужьыр ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэми лъэIэсащ.

ПСОМ нэхъри нэхъ зэгуэуар лъабжьэшхуэ зимыIэ псейжрщ. Жьым кьыззэрыхичам хуэдэу, я лъабжьэр дзгъэзеиуэ, абыхэм уащрохьэлIэ лъэс зекIуэлIэ нэхъыщхьэм ибгъуКIи, паркым икуми, гуэл Iуфэхэми. Псейжрщ нэмыщI, уэлбанэм и зэран екIащ кIейжьм ныбжь зиIэ жыг куэдым я кьудамэхэр кьыгуищыкIащ.

ЩэнхабзэмрэщI зыгъэпсэхупIэхэмкIэ Налшык и Iуэхущ щIапIэм техникэхэмкIэ кьызэгъэпэща и бригадэхэр мыбзэлэрыгъыу иджыпсту дэнэкIи щолажьэ: жыг къэуахэр щIыкIу-щIыкIуу зэпахри, зэтралъхьэж, зэрырашыным хуэдэу. Псейжрм ящыщу зи лъабжьэм къигъэгугъэхэр, щэрыщIэу хасэжу, щыхагъэкIэжи щыIэщ.

Жыгхэм къадэкIуэу, сабий аттракционым ток кIапсэхэмрэ уэздыгъэ пкъохэмрэ я щытыкIэр кьапщытащ, сэкъат мащIэхэри псынщIэу яГъэзэжкIуэжащ. Парк кIуэцIым къищынэмыщIа, псы, гуэл Iуфэхэри яГъэкъэбзэж.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Университет хъыбархэр

IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр утыку къохьэ

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым тхьэмахуэ зэхуаку блэкIам къриубыдэу щыIэзэфIэкIащ бакалаврэмрэ магистрэмрэ я къызэрыщIагъэкI щIэныгъэ квалификацэ лэжьыгъэхэр пхыгъэкIыныр, къэрал экзаменхэр тыжьыныр. Ди гуапэ зэрыхъущи, мы гъэм университетым къыщIигъэкIа ныбжьыщIэхэм яхэтщ журналист Iэщlагъэм хуеджахэри.

ПСОРИ зэхэту къапщтэмэ, журналист Iэщlагъэр зрагъэгъуэтащ ныбжьыщIэ 19-м, абыхэм ящыщу 8-м магистратурэри къауващ а унэтIыныгъэмкIэ. Къэпщытэныгъэхэр егъэкIуэкIыныкIэ диплом лэжьыгъэхэр пхыгъэкIыныкIэ и щIэрылъ Къэрал экзамен комиссэ (ГЭК) къыхуэзэрагъэпэщат Iуэхум. Абы хагъэхьащ КъБКъУ-м и Iэщlагъэлlхэр, республикэм и хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я гъыбкIэхэр. Апхуэдэхэт, къапщтэмэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я этнологиемрэ тхыдэмкIэ, журналистикэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Текlуий Мадинэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналистхэу «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэчрэ «Налшык» ОРТК-м и редактор-режиссёр Мысостышхуэ Маринэрэ, нэгъуэщIхэри.

Университетым КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я этнологиемрэ тхыдэмкIэ, журналистикэмкIэ и кафедрэм и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор Къамбэчкъуэ Iэдэм, а кафедрэм и доцентхэу филологие щIэныгъэхэм я кандидатхэу ХьэукIуэн Мурат, Лисеев Роман, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Журт Анжелэ сымэ я щIэныгъэ унафэщIу студентхэм яГъэзэщIа квалификацэ лэжьыгъэхэр, проектхэр ятещIыхьат хъыбарегъащIэ Iэнатlэм узыщIихьэлIэ Iуэхугъуэ зэхэлъытащ. Апхуэдэхэт КъБР-м и телеканал-хэм къат хъыбарыщIэхэр зытегъэпсыхьахэр кьыщыззэпкърахэр, «Орёл и решка» нэтыныр «Пятница» телеканалым, «Первый канал»-м хъыбарыщIэхэр щезыгъэкIуэкIхэм яIурылъ бзэмрэ я теплъэмрэ ехьэлIахэр, зэхъуэкIыныгъэм и лъэхъэнэм щыIа журналистикэм икIи социальнэ теплъэр къызыхэщIри, динымрэ щыгъэмрэ, спортымрэ ерыскъыпхъэхэмрэ ятеухуа нэтынхэр кьызэрызэгъэпэща щыкIэмэм ятеухуа лэжьыгъэхэр, нэгъуэщIхэри. А диплом лэжьыгъэхэм рецензэ хуатхат университетым и щIэныгъэлIхэм, республикэм и лъэпкъ журналистикэм и лэжьакIуэ пашэхэм. Абыхэм яхэтащ КъБКъУ-м и щIэныгъэ лэжьакIуэхэу, егъэджакIуэхэу ХьанэМаринэ, Дзхъу Залинэ, Зэхъуэхъу Мадинэ сымэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм и редактор Нэщlэпыдж Заминэ, «Налшык» газетым и редактор нэхъыщхьэ Болэт Арсен, а редакцэм и лэжьакIуэ Гъуо Марианнэ, Мысостышхуэ Маринэ, «1КъБР» телеканалым и редактор, гъэзджэ щIэныгъэхэм я кандидат Сэрэлъп Самарэ, кинорежиссёр Хьэмыкъуэ Олег сымэ.

ГЭК-м хэтхэм ягу ирихьащ диплом лэжьыгъэхэр студентхэм зэрагъэзэщIа щIыкIэмрэ ахэр зэрыпхагъэкIаэмрэ. Фlым я фIыжу хъалытащ Гугъуэтыж Дианэ, Къуэдзокъуэ Лаурэ, Корунец Каринэ, Альтуд Данэ, Сабаншы Данэ, Тилов Уэсмэн, нэгъуэщI студентхэми я квалификацэ лэжьыгъэмрэ проектхэмрэ.

ЩIэныгъэ куу КъБКъУ-м щызэзыгъэгъэта, абы щыхьэт техъуэ тхылъхэр зи Iэрылъхьэ щIалэгъуалэм Iуэхугъуэ зыIэрагъэхьа ехьуIэныгъэхэмкIэ. Абыхэм я цIэрIыр, ябгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэм ятеухуа хъыбархэр зэман кIэщIым къриубыдэу лъэпкъ журналистикэм зэрыщызэхэтхынри ди фIэщ мэхъу.

ТАМБИЙ Линэ.

Хабзэм щагъэгъуазэ

● Гъэмахуэ-2021

Дэнэкlи хуэдэу, ди республикэми мы лъэхъэнэм щолажьэ сабийжрэ ныбжьыщIэхэмрэ я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ, зыщагъэпсэху гъэмахуэ лагерхэр. Абы щыIэ цIыкIухэм я зэманыр купщIафIэу, гъэщIэгъуэну, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ яГъакIуэ. Сабий лагерхэм щIэх-щIэхыурэ яхуокIуэ ди республикэм и цIыху цIэрыIуэхэр, щыналъхэм щылажьэ Iуэхугъуэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр. Апхуэдэ зэхуэдэгъэхэм нэхъ хьэлэмэт ящI лагерхэм зыщыгъэпсэхухэм я гъащIэр.

ТЭРЧ щIыналъэм щылажьэ «Налмэс» сабий лагерым лэжьыгъэфI щокIуэкI мы гъэмахуэм. Абы я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ икIи зыщагъэпсэху щыIпIэм щыщ сабиищэхэм. ЦIыкIухэм зэрадгъэжьэну план хэхахэр убзыхуакIэу Iуэхур абы тращIыхь. Абыхэм къыщыгъэлъэгуащ сабийжрэ драгъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр: абыхэм я нэгу зегъэужьынри, я къэухьым, зэхэщIыкIыкIэ зэгъэхъуэнри, эстетикэ, хэкупсэ гупсысэхэм хуэущиинри. Апхуэдэу сабийжрэ я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр шынагъуэнщэу зыкъэзгъэпэщынми гулъытэ егъуэт.

Сабийжрэ я зэхэщIыкIым зрагъэужьын папщIэ, лагерым и унафэщIхэм абы къраГъэблагъэ Iэщlагъэлl зэхуэмыдэхэр, къыщызэрагъэпэщ зэхуэзэ купщIафIэхэр, пшыхь гъэщIэгъуэнхэр. Апхуэдэу иджыблагъэ ныбжьыщIэхэм яхуэкIуащ хабзэхъумэ Iэнатlэм и Iэщlагъэлlхэр. Инспекторхэм сабийжрэ гупсэхуу щагъэгъуэзащ гъэгум щызекIуэ хабзэхэм, абы къыщыхьу Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ, ныбжьыщIэхэм дерс кьыхахьи папщIэ. Гулъытэ хэха хуащIащ пшапэ зэхэуэгъуэмрэ жащымрэ гъэзгум зыщыхьыжьажьмэ, нэхъ набдзэгубдзапIъэу щытыным, автомашинэхэр зезыгъакIуэхэм гъэгум къытехьэ цIыхум гу лъатэн папщIэ, абыхэм нэхур зыдз, абы кьезыгъэгъэзэж щэкI лIэужьыгъуэхэм щыщ зытеда щыгъынхэр е нэгъуэщI хьэпшыпхэр зэрахьэным.

НыбжьыщIэхэри жьыджэру хэтащ зэхуэсхэм. ХьэщIэхэр я дэIепыкъуэгъуэу, абыхэм къапщытэжащ гъэгухэм узыщрихьэлIэ дамыгъэхэм къагъэлъагъуэхэр, светофорым и плъыфэхэм къытхуагъэув къалэнхэр, жылагъэ транспортым щысым деж яхэлъыпхъэ щэнхэми тепсэлъыхьащ. Сабийжрэ яфIэхьэлэмэту зэпаллъыхьащ хабзэхъумэхэр зэрыс автомашинэр, абы и зэфIэкIхэр, и лъэщагъыр яГъэщIагъуэу.

Лагерым щыщызыгъэпсэхухэм хабзэхъумэхэр къагъэгугащ гъэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр кьызэпамыдыну, сакъыныгъэ яхэлъну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Жэуаплныгъэ зыхащIэ

Хабзэ хъуащи, гъэм и сыт хуэдэ лъэхъэни ди республикэм къокIуэ зи нэгу зезыгъэужьыну, зызыгъэпсэхуну зи мурад цIыху куэд. Аэр зыщыщыр ди къэралым зыхъ щыналъэхэм я закъуэкым, атIэ хамэ щыпIэхэм щыпсэуэхэри щохьэщIэ ди деж.

ЗЫГЪЭПСЭХУАКIУЭХЭМ ящыщу мащIэкъым бгылъэ щыпIэхэм дихьэхэр. АтIэми, абыхэм яхэтщ бгы туризмэм и хабзэхэм щымыгъуэзэхэхэри. Шынагъуэнщэу зыгъэпсэхуным, уи нэгу зегъэужьыным пыщIа къызэрыкIуэ хабзэхэмрэ мардэхэмрэ щамыгъэзащIи къохъу. Апхуэдэхэм деж зыгъэпсэхуакIуэхэр ихуэнкIэ хъунущ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм.

Бгылъэ щыпIэхэм щыIэ хьэщIэхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр щынагъуэнщэу щыгъуэм набдзэгубдзапIъэу, жэуаплныгъэр зыхащIэу кIэлъоплъ къеГъалIэкIуэхэр. Мы махуэхэм абыхэм зыщагъасэ Щэрэдж ауэзым щыIэ гуэлхэм, а щIыпIэм къедза бгы лъагэхэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

Тхыдэр я щыхьэту

● ЩIыпIэцIэхэр

КъызыфlамыгъэIуэхуу икIи емылIэлащэу щыпIэцIэхэр щызэрахъуэкI куэдрэ къэхъуми, апхуэдэ Iуэхугъуэхэр къыщекIуэкI щIынальэм ижькIэрэ иса лъэпкъым япэм къыгъэсэбэпу щыта фIэщыгъэхэм псэщIэ къыщыхьхьэжи щыIэщ.

ХХ лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм КъухьэпIэ Кавказым и къуршылъэ щыпIэхэр къызэкиIухьауэ щытащ щыпIапIъэ-лъахэхутэ цIэрыIуэ Ефремов Юрий. ЗекIуэн зи щIасэ а лIым и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Хы ФIыцIэ Iуфэм къеГъэщIылIа бгыкъэ япхрыкI лъагэгъуэхэмкIэ» («Тропламе горного Черноморья») тхылъ гъуэзэджэр.

Ефремовым щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, урыс пащтыхьым и Iуэхугъэхъэ Старк Александр КъуэбыдэI (КъБадэ) илъэс щыкIыуар 1871 гъэращ. ИкIи, абы и пэжкIэ тIуащIэм зыдзэзыгъэзэгъа урыс кьуажэ щыкIымрэ лIэщIыгъэщIэрэ хуейр зыгъэдахэу кьежьэжкIэ «шэрджэс» уэздыгъэщIахуитIым ящыщу, а зэманым ирихьэлIэу иджыри кьагъэуэну зыхуэнэмысса жыгыжь закъуэмрэ кьиIэгъуащ.

Абы иужькIэ, илъэс 11 дэкIауэ, 1882 гъэм Старк Александр етIуанэу КъуэбыдэI къытригъэзауэ щытащ. Пащтыхь Iуэхуэхъэм и гуэгуанэ тхыгъэжьм щыхэпIъэжьм, Ефремовым мыпхуэдэ псалъэхэр кьриджьыщащ: «Урыс-Кавказ зауэр зэриухам и щыIыхьIэ, насыпт къытхуэзыхьа махуэшхуэр щагъэлъапIэм (зи гугъу ищIыр адыгэ-абазэщIыр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ кьыщызыIуэу урысыдзэм зэщIэуэзда и гупхэр 1864 гъэм щызэрихьэлIэжауэ щыта Мдзымтэ псыхъэущхьэм, дзэ псоми я Iэтащхьэ джьнаызышхуэ Романов Михаил я пашэу, щрагъэкIуэкIауэ щыта зауэ парад-тхьэпсыIурщ), абы хэта дзэпщхэр пIэIуат зыщагъэбыда хуейм къыщыIэнхуну къуажэщIэм, а щIыпIэр зи унафэкIэ къазуа Романов пащтыхьхэм я щIэкIэ, «Романовск» цIэр фIащыну.

Къуэбыдэ щIыпIэм ижькIэрэ щыпсэуа «мудэвей» абазэ жьIанэу лъапсэрыхыр кьыхуагъакIуэу абдежьым щыпсэуахэр ирахуа иужькIэ, а Iэшэпъашэм куэд дэмыкIыу къыщыунэхуащ щхьэгъуэ зыгъуэта урыс сэлэтхэм я къуажэ щыкIу. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIи, а щIыпIэм а зэманым исахэм «Романовск» цIэр иджыри кьагъэсэбэну щытагъэнущ. Сыту жыпIэмэ, зи гугъу тщIы фIэщыгъэр зэрагъэкIуэдыжам теухуауэ, Старк тхьэусыхэн щыщIидзар а Iэшэпъашэм етIуанэу щыта къихьа иужькIэщ.

ИкIи абдежьращ пащтыхь Iуэхуэхьэр щахуэзар, Ставрополь краймкIэ кърагъэIэпхъуэкIыу, Кавказ шытхымкIэ къыщыхьэдагъэхьу, Мдзымтэпсыхъущхьэм къыдагъэтIысхьа алыджжэр. Асыхьэгуи, Старк Александр зэхецIыхукI хуейм зизыгъэззгъа къуажэ цIыкIым «Романовск»-кIэ зэремыджэжри, «къыздикIар къыхуэмышIэ» «Красная поляна» фIэщыгъэр а щIыпIэм щыпсэухэм «яфIэфIыпсу» къызэрырахьэкIри.

А псом я гущIыIуэу, пащтыхь Iуэхуэхьэр нэхъри къыщыгубжьар, япэм къыщыкIуам зрихьэлIауэ щытэ уардэ жыгыжьу уэздыгъей закъуэри а щIыпIэм зэримытыжым гу лъита иужькIэ. И бамПэм ари къыфIыхохьэжри, хуэмышIэжчу алыджжэр «хьэм иргъэхь»: уафэр трегъэгъуагъуэ, щыблэр ятрекъутэ: «аэращ изыпщIыкIар, жьгым кьыхахьну пхъэмкIэ я унэ фейцейхэр къаIуIыхьын папщIэ», - жеIэри.

Адыгэ-абазэ лъэпкъ зэрыбыным я тхыдэм хуэсакъын зэрыхуейр и щхьэ къихьэхэу щымытами, КъуэбыдэI тIуащIэм зыдзэыуфэбгъуа хуей Iэхуитлъхуитыр лIэщIыгъэкIэрэ зыгъэдахэу щыта жыг уардэхэм щхьэкIэ «черкесские» зэрахужиам, апхуэдэуи ахэр зэрырапущIыкIар игу кьызэреуам папщIэ, а лIым фIыщIэ гуэри кьилэжьу къыщIэкIынщ.

Мыдрейуэ, дэ зэи арэзы дызытемыхъэнуращи, Старк Александр къиIыытэрт, хуей цIэрыIуэр кьэзыхуэрыехь бгыкъэ, щхьэдэхьлIэхэм, хьупIэхэм, мэзхэм, нэгъуэщI-кьинэмыщIхэми, Iэмал ямыIэу, урыс тхыдэм, щэнхабзэм къигъэщI фIэщыгъэхэм фIэкIа зэрахьэн хуэмейуэ. Абы къыхэкIыуи, зи гугъу тщIы пащтыхь Iуэхуэхьэм адыгэхэм, убыххэм, абазэхэм къагъэсэбэну щыта щыпIэцIэхэр дунейм кьызэрытрагъэхьэжьэ хуабжьу и гум щыхьхьауэ щытащ.

«Ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур!? - хъущIэрт ар. - Даховскэр - Сочэ, Святодуховскэр - Адлер хъужащ. ЕмыкIым къыщынэжьыркъым! Лъахэхутэхэм, щIым и зэхэлъыкIэр зыджжэм къыщыщIидзауэ къызэрыгуэкI щIыпIапIъэхэм я бжыгуихьжу, псыхэм, бгыхэм япэм зэрахьэу щыта фIэщыгъэхэр къахутэжу, дунейм къытрагъэхьэжьну хущIокIу. Ар къызыхьхьмрэ абыкIэ фIыщIэу къахьыну зыщыгугъыкIэ, пльэкIмэ, уэ къащIэ! ЕплI иджы абы дызыхуишам! Дэтхэнэ псыми, бгыми зэрахьэр урысыдзэкIэхьам, щхъуэщхьэ къэзыгъэуфэлэщI, зыми кьемызэгъащI!»

Псалъэм папщIэ, пащтыхь Iуэхуэхьэм игу иримыхьу дунейм къытрагъэхьэжа цIэхэм ящыщщ Чугуш (ЧIыгъуашъ, къебэрдейхэм «щIы гъущэ» жьIтIэ жаIэу), Абагэ (Абагъуэ - Iэбагъуэ, «Iащыр щобагъуэ»), Тыбга (ТIыбгы, тIыхэм я бгы, я Iуащхьэ) щIыпIэцIэхэр, нэгъуэщIхэри. «Абы щыгъуэми мы зи гугъу тщIы бгыхэм фIащыр хуеяр: Александр ЕтIуанэм, Михаил, щихьэжу Константинрэ Еленэрэ я цIэхэращ», - икIуэтыжьыхьэрэ тэкъым Старк Александр.

«КIуапIи-жапIи къоз ымыт гупсысэкIэ мышыуц! - зыхуихьыну ищIэркъым Ефремов Юрий. - Сыту ди насыпт, Старк зытешхьыха лъахэхутэхэм хуэдэхэр а зэманым зэрыщыIари, абыхэм шэрджэс щIыналъэм къина хэкулI закъуэтIакъуэхэр къагъуэтыжу, бгыхэм, къуэладжэхэм зэрахьэу щыта цIэхэр кърагъэIуэтэжу зэрыщытари!»

Дапхуэдэу хъуами, хуей цIэрыIуэм къегъэщIылIа Iэгъуэблагъэм ит бгыхэр пащтыхь пыхъуэпышэхэмрэ щихь дымыщIыхуэмрэ я цIэхэм щыхъума зэрыхъуам нобэ дыщымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ, а псом кьыдэкIуэу, нэхъри ди гуапэ хъунт, Мдзымтэ псыхъэущхьэр ижькIэрэ зи хэщIапIэу кьекIуэкIа лъэпкъыр а щIыпIэм зэреджэу щыта Кьбаадэ (Къуэбыдэ) цIэр нэрылъагъуэ дунейм къытрагъэхьэжамэ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу

Гъуазджэм и адыгэ вагъуэ

СССР-м, РСФСР-м, КЪБР-м я цІыхубэ артист, Совет Союзым, РСФСР-м, Урысей Федерацым я къэрал саугъэтхэм я лауреат Темыркъан Юрэ адыгэ лъэпкъым и мызакъуэу, къэрал псор зэрыгушхуэ цІыхуш, зи зэфІэкІыр дунейм щызэлъащыса дирижёр ахъыбрзэманщ.

«АР зэуэ лъагапІэм и щыгум къыщыхута цІыхуш. Апхуэдэу къыщІэкІынщ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ, балигъыпІэ имыкъуэ щыкІэ и гъащІэр зытриухуэнур - макъамэм пэжкІэ зэрыхуэлажьэнур - зыубзыхуам зэрызиІэтпхъэр», - щитхауэ щытащ Хьэгуарэ Джамилэ илъэс зыбжанэ ипэкІэ къыдигъэкІа «Юрий Темирканов. Монолог» и тхылъым и пэублэ псалъэм.

Ленинград консерваторэр къызэриухыу, 1966 гъэм, Юрэ Джуэлепе Верди и «Травиата»-мкІэ балетымрэ оперэмкІэ Театр цІыкІум и утыкум кьихьащ. А илъэс дыдэм дирижёрхэм я етІуанэ Урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекІуащ. И ныбжьыр илъэс 30 щыхъуми, Ленинград филармонием и академическэ оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэщ, илъэс 38-м - Оперэмрэ балетымкІэ театрым, Киров Сергей и цІэр зезыхьэм, (иджы Мариинскэ театрым), и художественнэ унафэщІиц, 42-м - «СССР-м и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр къыхуагъэфэщащ (а зэманым нэхъ щІала дыдэу цІыхубэ артист хъуар Юрэщ). 1988 гъэм, и ныбжьыр илъэс 50 щрикъунум ирихьэлІэу, ди къэралым и япэ филармоние оркестрым, дуней псом нэхъыфІ дыдэу ящыщ лъытэхэм ящыщ зым, и пашэ хъуащ. ИужькІэ къыхуагъэфэщащ Санкт-Петербург дзэ академическэ филармонием и художественнэ унафэщІ ІэнатІэр, нобэр къыздэсми абы щолажьэ.

Макъамэм теухуауэ дуней псом щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм и гуащІэу хилъхьэмкІэ цІыхубэм я лъагуныгъэр къэзылэжьа, сыт хуэдэ пліанэпи хэІэтыкІауэ зи цІэр къыщІаІуэ, дамыгъэ лъапІэхэмрэ щІыхьыщІэхэмрэ зыхуагъэфэща Іэщ1агъэлІщ Юрэ. Щапхъэу къабгъэльагъэуэмэ, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и дамыгъиплІри зыхуагъэфэща закъуэтІакъуэхэм ящыщщ Темыркъаныр.

Урогушхуэ Юрэ лъэкІам, и гъащІэ гъэгум урилъэ иужькІэ, щІэныгъэрэ эзчийкІэ пхуэмыщІэн дунейм темытуи къыпщохъу.

Музыкэм щиІэ екъуІэныгъэхэм къадэкІуэу, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдымкІи Юрэ егъэлеяуэ цІыху Іущщ, удихьэхыу, зи гугъу ищым фІы дыдэу зэрыхищІыкІыр къапщІэу Іэджэм тепсэлъыхьыфынущ, езыр гушыІэрейщ, и ныбэкІи ауан зыхуэщІыжу, зыщІыдихьэшхыжьфу апхуэдэщ. «Ауан зызымыщІыжьыф цІыхур, егъэлеяуэ зыхуэтхІиижыф сфІэтхъэмыщІкІэщ. Ахэр икІи шынагъуэщ. Къэзыхуэгуреихь дунейми езыми екъэлІауэ кууэ гупсысэфхэркъым. Зи ныкъусаныгъэжям щымыдыхьэшхыжьфу цІыхур ахьмакъщ», - жиІэгъащ абы зэгуэр.

ИСТЭПАН Залинэ.

Темыркъан Юрэ жащ-махуэкІэ умыувыІэу утепсэлъыхьами, хужьпІэн бгъуэтынущ, и гъащІэр апхуэдизкІэ лъжьыгъэ купщІафІэ куэду зэхэлъщ, цІыху Іущщи, дуней псо утыкушхуэм лъэ быдэкІэ щыуващи. Апхуэдэу щыхъукІэ, абы и гуащІэр кІэщІу къыщыгъэлъэгъуэ ди тхылъэр ныкъуэ хъунущ, Юрэ хужаІа псалъэ гуапэхэм ящыщ зыбжанэ щІымыгъуамэ.

Куэд зыхуэфащэ, куэд къэзылэжь

Абы ущригъусэм и деж узыхуэсакъыж зэпытщ - уощІэ ар зэрыцІыху къабзэр, зэрыгумащІэр, фэрыщІагъэ лъэпкъзэрыхьмытыр. А фІагъхэр уэри къыбдилъагъун хуейщ - арыншамэ, пщІэ къыпхуищІынукъым, псэлъэгъуи къыбдэхъунукъым.

Сытым дежи согъэщІагъуэ абы хэлъ цІыхугъэмрэ бэшэчагъымрэ. Абы и гум темыхуэнур фэрыщІагъымрэ щхьэхуещагъэмрэщ, апхуэдэ гуэр къыбдилъэгъуакъэ - и щІыб къызэрыпхуигъэзэжынум шэч къытумыхьэ. Аращ абы и хьэлыр, къыдалъхуауэ, зэрысабий лъандэрэ зыхилъхьауэ. Ар хуейщ апхуэдэ хьэл, цІыхугъэ уэри пхэлъыну.

Зи гугъу сщІыр къэфІыхуащ, дауи, ар Темыркъан Юрэщ.

СОКУРОВ Александр.

* * *

Темыркъан Юрэ дежи сыщеджащ сэ. ИгъащІэкІэ сщыгъупщэнкъым ар къызэрысхуэзупсар: «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ» оперэр дзыхь къыслуащІащ. Ары и гулъытэ зэи сыщыщІакъым, аращ зи фІыщІэр дирижёр нэхъыщхьэ сызэрыхъуар - апхуэдэ Іэмал къызитащ.

ГЕРГИЕВ Валерий.

* * *

Америкэм сыкъызэрикІыжьыхэу, пІалъэ къыхьэзгъэкІакъым, Темыркъан Юрэ и репетицэм сыкІуащ, занщІэуи къызгурыуащ сэ ІэнгъуэщІ дунейм сыкъызэрыщыхутар. Си гум щызу сыбзэуар адбжмым. Сэ сынасыпыфІэщ абы ныбжьэгъу сызэрыхуэхъуэм щхьэкІэ.

МАЦУЕВ Денис.

* * *

СэркІэ хьэкъщ симфоническэ эстрадэри, оперэри, балетри къэзыгъэІурыщІэф, а псоми я купщІэр къэзытІэщІыф дирижёр Іэзэ дыдэхэм Темыркъан Юрэ зэращыщыр.

ГРИКУРОВ Эмиль.

ЩІэныгъэр гъуэгуу къыхихащ

Лъэпкъым и узыншагъэр, и екъуІэныгъэхэр, и къэкІуэнур абы и щІалэгъуалэм я деж щыбгъэгъу. Я зэфІэкІхэр бгъэщІагъуэрэ гуапэуи укъагъэуІэбжьу! ДаІуощІэ, допсалъэ, дигу дохьэри, лъэпкъым папщІэ ди щхьэр доІэт! Нобэрей ди лІыхъужьыр физик ныбжьыщІэщ, техникэ щІэныгъэхэм я кандидатщ. Мырзэбэч Мурат Къармэхьэбэ къуажэм щыщыхьуащ, Москва щІэныгъэ щызригъэгъуэтащ икІи абы щолажьэ, къэхутэныгъэ гугъуэхэр ирегъэкІуэкІ. Унагъуэщ, щІалэрэ хъыджэбзрэ иІэщ.

Москва

Школым фІыуэ сыщеджэу щытащ. Физикэмрэ математикэмрэ нэхъ лейуэ сыдахьэхьрт. 2006 гъэм школыр къэзухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым физикэмкІэ и къудамэм сыщІэтІысхьащ. 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ Ломоносовым и цІэр зезыхьэ университетымрэ зэрауХылІа зэгурыуІэныгъэм ипкъ иткІэ, республикэм и студент зыбжанэ Москва ещанІэ ягъэкІуэну хуит къащІырт. Университетым дежи щекІуэкІа эпреуэм пхыкІахэм сэри сащыщти, Москва ещанІэ сыкІуащ.

МКъУ-м и общежитым сыщІэтІысхьащ. Сэ зэгъэщІагъуат абы ущеджэ пэшышхуэ зэрыхэтыр. Студентхэр абы «боталкэкІэ» еджэрт. Сэ а «боталкэр» хэщІапІэ схуэхьуат. ЕджапІэм лъэсу сыкІуэрт, сыщыпсэум зы километр хуэдизыкІэ пэжыжьэу арати. Сыту гугъут яп илъэсыр! Экзамен зачёти стыжьиу щысхуэзэтрихьаи къыскуихуащ. МКъУ-м и программэр нэхъ гугъут КъБКъУ-м ейм нэхърэ, ар зыхьыумыщІэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. Си еджэныр занщІэу мардэ гуэрым тезуохуащ. ЕджапІэм сыкъыкІыжьырт, общежитым сыкъэсыжьырт, сышхэрти, жэщыбг пщІондэ сыжьёрт. Жэщыкум сыкъэтэджьырт, «боталкэм» сыкІуэрти, тхылъхэм нэху ядзэтэщІырт, пщэдджыжьым еджапІэм сыкІуэрт. Еджэныр зыгуэру эзтезублат, ауэ зыгуэрым сыкъыпхъэхуорт: курыт школми КъБКъУ-ми сэ нэмыцэбзэт щызджар, иджы инджылызыбзэ зэдгъэщІэн хуейт Іэмал имыІэу. Мазэ зыбжанэ дэкІат сызэрыщІэтІысхьэри, сэ инджылызыбзэм хэсщІыкІи хэсщІыхьи щыІэтэкъым. Къысхуихуащ абы щхьэкІэ зыкъызэщІэскъуэу сыкъэжьэжыну сыщыхэтаи. Ноби фІыщІэ хузощ абы сыкъэнэныжьмкІэ зи чэнджэщ седэІуауэ щыта ныбжьэгъуэм - Мадинэ. Ари Москва еджапІэ ягъэкІуа ди гупым ятт. Къалэшхуэм сыщизакъуэтэкъым, зи гупсысэ седэІуэн сиІэт. Си бгыр щІэскъуэзэри, инджылызыбзэми хуэмурэ «себгъэрыкІуэн» щІэздзащ, Дауи, зэуэ сэрипсэлъакъым, ауэ сытемыуКІытыхьу зачёт кьызэрысхьын хуэдизкІэ зыхэзгъэгъуэзат.

Си псэм ищІат

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр иухат, ещанэ курсым дыкІуэнути, библиотекэм тхылъхэр къеІытхырт. КъыздеджэщІалэм семестритІми зэреджэн тхылъ хъыІихат, сэ зы семестрым ей фІэкІа къэзымыщтэну асыхьэту сигу къІокІ. Си гъуэм егъэщІагъуэ: «Псори зэуэ къеІыпхмэ тыншкъэ?», - жи. «ЯпэкІэ уплъащэ хъунукъым, мы зы семестрым дыкъелыт хуейщ иджыри», - жызоІэ сэри. Абдеж си гум зыхищІагъэнт сэ си тхылъхэм хурикъун семестрым фІэкІа сызэремыджэнур. Армэм сраджэ. Сыстудентти, еджапІэм сыкъыграчу армэм сызэрыдашыр згъэщІэгъуат, ауэ КъБКъУ-м сикІыу Москва ещанІэм сыщагъакІыну ягъэкІуэну хуит къащІырт. Университетым дежи щекІуэкІа эпреуэм пхыкІахэм сэри сащыщти, Москва ещанІэ сыкІуащ.

МКъУ-м и общежитым сыщІэтІысхьащ. Сэ зэгъэщІагъуат абы ущеджэ пэшышхуэ зэрыхэтыр. Студентхэр абы «боталкэкІэ» еджэрт. Сэ а «боталкэр» хэщІапІэ схуэхьуат. ЕджапІэм лъэсу сыкІуэрт, сыщыпсэум зы километр хуэдизыкІэ пэжыжьэу арати. Сыту гугъут яп илъэсыр! Экзамен зачёти стыжьиу щысхуэзэтрихьаи къыскуихуащ. МКъУ-м и программэр нэхъ гугъут КъБКъУ-м ейм нэхърэ, ар зыхьыумыщІэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. Си еджэныр занщІэу мардэ гуэрым тезуохуащ. ЕджапІэм сыкъыкІыжьырт, общежитым сыкъэсыжьырт, сышхэрти, жэщыбг пщІондэ сыжьёрт. Жэщыкум сыкъэтэджьырт, «боталкэм» сыкІуэрти, тхылъхэм нэху ядзэтэщІырт, пщэдджыжьым еджапІэм сыкІуэрт. Еджэныр зыгуэру эзтезублат, ауэ зыгуэрым сыкъыпхъэхуорт: курыт школми КъБКъУ-ми сэ нэмыцэбзэт щызджар, иджы инджылызыбзэ зэдгъэщІэн хуейт Іэмал имыІэу. Мазэ зыбжанэ дэкІат сызэрыщІэтІысхьэри, сэ инджылызыбзэм хэсщІыкІи хэсщІыхьи щыІэтэкъым. Къысхуихуащ абы щхьэкІэ зыкъызэщІэскъуэу сыкъэжьэжыну сыщыхэтаи. Ноби фІыщІэ хузощ абы сыкъэсэныжьмкІэ зи чэнджэщ седэІуауэ щыта ныбжьэгъуэм - Мадинэ. Ари Москва еджапІэ ягъэкІуа ди гупым ятт. Къалэшхуэм сыщизакъуэтэкъым, зи гупсысэ седэІуэн сиІэт. Си бгыр щІэскъуэзри, инджылызыбзэми хуэмурэ «себгъэрыкІуэн» щІэздзащ, Дауи, зэуэ сэрипсэлъакъым, ауэ сытемыуКІытыхьу зачёт кьызэрысхьын хуэдизкІэ зыхэзгъэгъуэзат.

Абы и ужькІэ къуажэм сыкІуэжри, тхьэмахуитІкІэ абыи гу щысхуащ. Си щхьэр къабзэу, щІэныгъэм сыхуэхьэзыру Москва згъэзэжри, диплом іажьыгъэм зеспщІатащ. Институтми ставкэ ныкъуэкІэ сыщылажьэрт. Диплом іажьыгъэр пхызгъэкІа нэужь, абы сыувыпауэ, илъэс еблана мэхъу сызэрыщылажьэрэ. Аспирантурэми сыщІэтІысхьэжри, ари 2019 гъэм къэзухащ. Си кандидат іажьыгъэр 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м пхызгъэкІри, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат сыхъуащ.

Сэ сфІэгъэщІэгъуэнхэм, здджысэм, сызэлэжьхэм ятеухуауэ... Девгъэгупсысыт, цІыхур здэщыІэ щІыпІэр къэхутэныжмкІэ къэуанэхэ Іэмалхэм. Спутникхэр кьежьа нэужь, хэщІапІэр къэпхутэныр тынш хъуащ, ГЛОНАСС, GPS, нэгъэщІ системэхэри къэунэхри. ЖыпкІэ кьетхьэкІ телефонхэм хэщІыхьа спутник сигналым Іэмал кьыдет хэщІапІэр къэтхутэну. Зы щІыпІэм уикІыу нэгъэщІ щІыпІэ уклІуэнуми, гъэгур пхутреухуэ. Мы Іэмалхэр къэгъэсэбэпыгъуэм нэса нэужь тынш хъу щхьэкІэ, ар зэхэбгъуэвэным, тебухуэным щІэныгъэшхуэ хэлъщ. Мис ахэр додж, къыпыдощ, догъэкІуэтэ. СызджыщІэ къудамэм щолэжь хэщІапІэм и картэ зэкиГъэвэнымрэ ар навигацэм пыщІэжьыныжмкІэ Іэмалхэм. Ваугъуэхэм уакІалъплъхуэ, Щ1ым и гравитацэ губгъуэр кьызэрапщ Іэмэпсымэ тщІащ сэ сызыхэт гупым.

Си къэхутэныгъэхэм я лъабжьэщ геодезие (гравиметрие) щІэныгъэмрэ астрономиемрэ. Абыхэм ятеухуауэ конференцхэм сыхэтын сфІэфІщ. ЯхэслъхьэкІэ кьахэсхьынрэ щыІэщ. ЩІэныгъэми хизогъаІуэу, зи гупсысэ сфІэгъэщІэгъуэн куэди зызогъэцІыхуу.

Жэуаплныгъэ

Еджэныжмрэ лэжьэныжмрэ кьалэн кьыпщащІыр зэщхьэкъым. Ущеджэм деж щІэныгъэ зэбгъэгъуэтыныщ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу уиІэр, уи зэманым нэхъ ухуитщ. Лэжьыгъэр нэгъуэщІщ: ІэнатІэм кьалэн куэд ущиІэщ, лэжьэгъуэхэр бгъэщІэхъу мыхъуну кьыпщогугъ. МыдэкІи - унагъуэщ, бынщ, лъапсэщ. Сэ, псалъэм папщІэ, мис апхуэдэ кьалэнхэм сыкъауТІыпщыркъым, си республикэм къэзгъэзэжыну. ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм ират зэрыдзІэпыкъур къэзгъэсэбэпри, Подмосковье фэтэр кьыщысщэхуащ, институтым Іэ щытедзащ илъэсипщІ зи ліалъэ зэгурыІуэныгъэм. Ауэ щыхъукІи, си гум илъщ си щІыналъэр, си кьуажэр, си лъапсэр. Лэжьыгъэм сыкъыщыдзхуэхэм си гъэгу занщІэр кьуажэрщ. Кьапщтэмэ, жэуап щІэсхьэрщ си насып хъужри: си унагъуэр, си лэжьыгъэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Гъуэгуанэ

Абы ущригъусэм и деж узыхуэсакъыж зэпытщ - уощІэ ар зэрыцІыху къабзэр, зэрыгумащІэр, фэрыщІагъэ лъэпкъзэрыхьмытыр. А фІагъхэр уэри къыбдилъагъун хуейщ - арыншамэ, пщІэ къыпхуищІынукъым, псэлъэгъуи къыбдэхъунукъым.

Сытым дежи согъэщІагъуэ абы хэлъ цІыхугъэмрэ бэшэчагъымрэ. Абы и гум темыхуэнур фэрыщІагъымрэ щхьэхуещагъэмрэщ, апхуэдэ гуэр къыбдилъэгъуакъэ - и щІыб къызэрыпхуигъэзэжынум шэч къытумыхьэ. Аращ абы и хьэлыр, къыдалъхуауэ, зэрысабий лъандэрэ зыхилъхьауэ. Ар хуейщ апхуэдэ хьэл, цІыхугъэ уэри пхэлъыну.

Зи гугъу сщІыр къэфІыхуащ, дауи, ар Темыркъан Юрэщ.

СОКУРОВ Александр.

* * *

Темыркъан Юрэ дежи сыщеджащ сэ. ИгъащІэкІэ сщыгъупщэнкъым ар къызэрысхуэзупсар: «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ» оперэр дзыхь къыслуащІащ. Ары и гулъытэ зэи сыщыщІакъым, аращ зи фІыщІэр дирижёр нэхъыщхьэ сызэрыхъуар - апхуэдэ Іэмал къызитащ.

ГЕРГИЕВ Валерий.

* * *

Америкэм сыкъызэрикІыжьыхэу, пІалъэ къыхьэзгъэкІакъым, Темыркъан Юрэ и репетицэм сыкІуащ, занщІэуи къызгурыуащ сэ ІэнгъуэщІ дунейм сыкъызэрыщыхутар. Си гум щызу сыбзэуар адбжмым. Сэ сынасыпыфІэщ абы ныбжьэгъу сызэрыхуэхъуэм щхьэкІэ.

МАЦУЕВ Денис.

* * *

СэркІэ хьэкъщ симфоническэ эстрадэри, оперэри, балетри къэзыгъэІурыщІэф, а псоми я купщІэр къэзытІэщІыф дирижёр Іэзэ дыдэхэм Темыркъан Юрэ зэращыщыр.

ГРИКУРОВ Эмиль.

Усэныр зи насып

Балъкъэр усакІуэ Зумакуловэ Танзиля 1934 гъэм бадзэуэгъэм и 18-м Іуащхьэмахуэ районым хьхьэ Гирхожан жылэм кьыщалъхуащ. Абы и сабиигъуэр зауэ нэужь лъэхъэжи ирихьэлІати, а зэманым и гугъуэхь псори игъэващ. 1940 - 1944 гъэхэм ар щеджащ куэажэм дэт пэщІэдзэ еджапІэм. АдэкІэ щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным щыпищар балъкъэр лъэпкъыр здаша Къыргызыстан.

ИДЖЫРИ школым щІэсу литературэм и кьару щигъэунэхуу хуежьащ Танзиля. И япэ усэхэр 1954 гъэм дунейм кьытехьащ. 1956 гъэм щегъэжьауэ и Іэдакъэщ1экІэхэр кьытохуэу газетхэмрэ журналхэмрэ. УрысыбзэкІэ зэрадзэкІаэр ихуащ «Пионер», «Дон» журналхэм, «Поэты Балкарии», «Голубые ели» усэ тхылъхэм.

1959 гъэм кьыдэкІащ «Кьаяда полле» («Цветы на скале») и япэ усэ тхылъщ, усакІуэ бзыльхугъэм и зэфІэкІыр наІуэ зыщІар. Абы гурыІуэгъуэ ищІащ куэдкІэ узыщигугъ хъун усакІуэ хьарэзнэ литературэм кьызэрыхьыкъэр. 1961 гъэм Зумакуловэр хагъэхьащ СССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм. 1968 гъэм абы Литературэ курс нэхъыщхьэ Москва кьыщыухащ. И усэхэр куэду дунейм кьытехьэу ХуежьащІ, ди къэралым щыпсэу пльэкІэ зыбжанэм я бзэхэмкІэ зэрадзэкІ хъуащ. 1970 гъэм «Тау аяз» («Прохлада гор», 1967), «Чирахтан» («Светильник», 1969) и тхылъхэм папщІэ Танзиля къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым литературэмкІэ и Хьэрэл саугъэтыр. Абы и усыгъэм урысей литературэм нэрылъагъуу увыпІэ щхьэхуэ щебущ.

1977 гъэм РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр, Горький М. и цІэр зезыхьэр, кьыхуагъэфэщащ (1974 гъэм кьыдэкІа «Сокровенность» тхылъым папщІэ). 1982 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ абы кьыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ усакІуэ» цІэ лъапІэр. Ильэситі дэкІри, лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьныгъэм хуищІ хэлъхьэныгъэм папщІэ Пльэкъ зэныбжьэгугъэм и орденыр къратащ. 1994 гъэм ар Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цІыхубэ усакІуэ хъуащ, а гъэ дыдэм Чувашием и литературэ сагъэтри кьыхуагъэфэщащ. Зэман зэхуэмыдзэхэм Зумакуловэ Танзиля и зэфІэкІыр кьалъытащ РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м, РСФСР-м, СССР-м и республикэ, хэгъэгу зыбжанэм я фІыщІэ, щІыхь тхылъхэмкІэ.

1957 гъэм кьыщыщІэдзауэ бзыльхугъэр жыджэру хэтщ ди республикэми къэралми я жылагъуэ лэжьыгъэм. Мызэ-мытІэу ар хахащ Налшык кьалэ советым и депутату. УсакІуэр хэтащ СССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и ревизионнэ комиссэм, РСФСР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм, КЪБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и Правленэм и президиумым, ТхакІуэ зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо Іуэхущ1апІэм и исполкомым.

Танзиля и усэ тхылъу 30-м щигъу дунейм кьытехьащ. Абыхэм ящыщщ «Тауланы жыры» («Песня гор», 1962), «Дым очага» (1965), «Радуга над домами» (1968), «Молчание» (1972), «Сокровенность» (1974), «Весна в горах» (1982), «Тхыгъэ кьыхэхахэр» тхылъитІу (1994), нэгъуэщІхэри. Зумакуловэм и гуащІэм гулъытэ зыщыхуащІыр ди республикэм, къэралым и закъуэкъым, нэгъуэщІ щІыпІэ куэдми абы и Іэдакъэщ1экІхэр кьыщащІэ. Усыгъэр кьызэрыгурыуащІам тещІыхьу ар яБгъэдэбгъуэвэ хьунущ Гамзатов Расул, КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ.

Танзиля и гуащІэр кьыщежьэр, абы и кьигъэхъуапІэр лъэпкъ лирикэрщ, цІыхубэм кьигъэщІа Іущыгъэхэрщ. «Си дежкІэ пэлъэкІ Іуэрыпуэтэр лъапІэ дыдэщ, зэрыжаІэу, си анэм и быдзышэм щыІгъуу кьыспкърыхьащи, си лэжьыгъэм абы мыхьэнэшхуэ щиІэщ», - жеІэ Танзиля.

Зумакуловэр зи Іэдакъэщ1экІхэр тхауэ дунейм кьытехьа, газетхэм, журналхэм традза япэ балъкъэр усакІуэ бзыльхугъэщ. Абы ипэкІэ псоуэхэм яуса уэрэдхэр зы жьэм жьэдэжьым адрейм жьэдыхьэу кьеІуэкІауэ аращ. Танзиля и «Горские поэтессы» усэм кьыхуощ ар зэригунжьуэгъэшхуэр, япэу щыуныным жэуапльныгъэу пІытыр кьызэрыгурыІуэри жеІэ.

Замакуловэ Танзиля и гъащІэр кьыгуэхьыпІэ имыІэу епхащ кьызэхэІа и Іэпкъым. Абы и гъусэу бзыльхугъэм ишэчащ гугъуехь куэд, кьыщалъхуа щІыналъэм пэІэщІэу илъэс 13-кІэ псэун хуейт хъуащ. 1957 гъэм и лъэпкъым и гъусэу кьигъэзэжа иужь, балъкъэрэм гуапэу ёхьащ Къыргызыз щІыналъэм и цІыхухэм и усэ сатырэмкІэ гуапэу захуигъэзащ.

КъызэрыгурыІуэ щІыпІэ и гъащІэр, дыкъэзэрыхьуреихь дунейр, цІыхур а дунейм зэрыхущытыр - ахэращ Танзиля и гуащІэм щигъэнэхъапэр. КъыкІэльокІуэ езы цІыхухэм я зэхущытыкІэр, кьыщалъхуа щІыналъэм, лъахэм хуаІэ лъагъуныгъэр кьэгъэлъэгъуныр. А гурыщІэхэм я зэхэлъыкІэр кьитІэщІкІэ-рэ, езым и еплъыкІэ щхьэхуэм дыщегъэгъаз, апхуэдэуи ахэр тхъумэн зэрыхуейм дыщІепІыкІ. Лъагъуныгъэм увыпІэ щхьэхуэ хуэх усакІуэ бзыльхугъэм икІи и щхьэр течауэ а гурыщІэ дахэм и гугъу ещІ.

Лъэпкъым и гуфІэгъэгъуэри и гуэзвэгъуэри, и ехьулІэныгъэри и гугъуэхьри кьаэн щымыІэу дзэзыгуэш бзыльхугъэ усакІуэм и дежкІэ псом нэхърэ нэхъапэр кьэзылъхуахэм, кьызыхэкІам яхуэпэжныырщ. Абы и усэхэр гъащІэм и пэжыр кьэзыгъэльэгъуэ защІэщ, фІым ущагъэгугъэ гугъаніэ дахэхэр кьуату.

БЛИЙ Даянэ.

Шагъдий вагъуэбэр - Шапсыгъым

Бжьэдыгъукъалэ (Краснодар) щыІэ Хыуфэйус шапсыгъэм я Адыгэ Хасэм, Урысейм и зауэ-тхыдэ зэгухьэныгъэм, Адыгэ Республикэм и Шу хасэм я жэрдэмкІэ бадзэуэгъуэм и 21 - 25-хэм екІуэкІынущ «Шагъдий вагъуэбэр - Шапсыгъым» зыфІаща шу зекІуэр.

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКІУЭХЭМ зэбгратыкІа хьыбарым ипкъ иткІэ, зекІуэм шу 60 хэтынущ: Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм икІахэу шу тІощІ-тІощІ. ЩІалэхэм мураду зыхуагъэувыж Хэку заузыкъуэм и фэеплъу шапсыгъ щІынальэхэм итхэр кьызэхуІухьыну.

«Ди Хасэм щІалэгъуалэ ІэхуэхэмкІэ и къудамэм щІэныгъэ зыкъегъэжьыжьыныкІэ комитет» хэтщ, - нэхъ кууэ Іэхуэм щыгъуазэ дещІ Хы Іуфэ Іус шапсыгъэм я Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КІэкІыхьу Мэжжид. - Гъатхэпэрат япэу зекІуэм ехьэлІа Іэхуэхэр хэІущІыкІу щытщІари, лъэпощхьэпо закъуи ехьэжьмыхуэу, абы акъылэгъу кьытехъуащ езы Хасэм хэтхэри, зэхуэсым кьедгъэблэгъа кьэрал лэжьакІуэхэри: Сочэ и Къалэ зэхуэсым и Іэтащхьэ Филонов Виктор, Цыхьфэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжмкІэ управленэм и унафэщІ Волков Владимир, Сочэ хьыхьэ Лазаревскэ районым и уна-фэщІ Бурлев Олег сымэ».

Шухэр бадзэуэгъуэм и 19 - 20-хэм ШахэкІей цыкІу щызэхуэсынущ. Дэтхэнэ зыми ГъуэмылэрэщІакІуэрэ кьыздащтэну пщэрыльщащІащ. Жэщхэр шухэм щрахыну я мурадщ спортзалхэм, щэнхабзэмкІэ унэхэм, мэжджьитхэм, езыгъэблагъэ унагъуэхэм. Махуэ кьэс километр 35 - 40-м нэс зэпаупщІу, щІалэхэм зэпащІэну я гугъэщ шапсыгъ кьуажэхэу ШахэкІеишхуэ, ШахэкІей цыкІу, Агуей, Тхьэгъэпщ, Хьэджьыкъуэ, Псэушхуэшхуэ, Псэушхуэ цыкІу, Псыбэ, кьинэмыщІхэр.

Гъуэгуанэр яхуэмэхуэн Тхьэм ищІ, я мурадхэр кьехъулІауэ, зыпыр лІыри узынщэу щхьэж и унэ ирихьэлІэж!

ЧЭРИМ Марианнэ.

Бэлэрыгъыпіэ яІэкъым

2024 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэзылъэрэ мэзкуэсу хэщІныныгъэ зыгъуэта псори, кьанэ щымыІэу, зэфІагъэувэжьи хуейуэ щытщ.

МЭЗХЪУМЭХЭМ кьагуроІуэ а кьалэныр илъэсищ пІалъэм фІимышу кьепхьэлІэным гугъуэхь щхьэхуэхэр зэрыпыщІар: зэфІэгъэувэжьным кьыдэкІуэу, яІэри хуымэн хуейщ. Мы бадзэуэгъуэ екІуэкІым лэжьакІуэхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ мафІэс кьэмыгъэхъуным. ИпэкІи и гугъу фхуэтщІауэ щытащ, «ЩІыуэпс» пльэкъ проектым хлубыдэу, мэз Іуэхущ1апІэхэм мафІэсхэм пащІэт я службэхэр зыхуеину техникэхэмрэ ІэмэпсымэхэмкІэ зыхьэрагъэпэщын папщІэ сом мелуан 34-рэ хухахауэ зэрыщІатм. АбыкІэ кьащ1ахуа мафІэсым зэрыпэщІэт техникэрэ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэу 225-мкІэ гектар 1400-м тыншу кІэлъоплъ.

Мэз зэрымытыж щІыпІэхэр хэсэжьным сом мелуани 8,84-рэ хухахащ. 2021 гъэр икІыху хэкъуэзауэ кІэлъыплъынущ нэгъабэ мэзкуэсу хасэжа гектари 100-м щІигъум. Гектар 1378-м агротехникэ лэжьыгъэхэр щызэпагъэуркъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Алхуэдэ фІэщыгъэм щІэту Дагъыстэным щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэм щІыхубэ творчествэмкІэ и 9-нэ лъэпкъпсо фестиваль.

«Кавказыр зы унагъуэщ»

КАВКАЗЫМ ис лъэпкъхэр зэкъуэтыным, зэныбжьэгъуным теухуауэ Мэхъэчкъалэ и администрацэмрэ щэнхабзэмкІэ кьалэ управленэмрэ я жэрдэмкІэ ябгъэлІауэ Іуэхур я гуапэу дАІыгъащ КИФЩІ-м и адрей хэгъэгухэми. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы ирагъэблагъащ Ташлы-Тала къуажэм ЩэнхабзэмкІ э и унэм и «Йинар» ціыхубэ уэрэджьыІакІуэ ансамблыр. Абра джанэр я фащэу утыку кьихьэу, макъ дахащэкІэ «Нарт» уэрэдыр зыгъэзэщІа ціыхухэу гупым псори хьэщыкъ ящІащ.

- 90 гъэхэм кьуажэ клубым и агитбригадэм дыхэту ди япэ концертхэр щыттащ гъэмахуэ хуІпІэхэм, колхоз губгъуэхэм, зыгъэпэсхуПІэхэм. Ауэрэ, зэман дэкІри, республикэ, район зэхьыхьэхэм зы семестрым ей фІэкІа къэзымыщтэну асыхьэту сигу къІокІ. Си гъуэм егъэщІагъуэ: «Псори зэуэ къеІыпхмэ тыншкъэ?», - жи. «ЯпэкІэ уплъащэ хъунукъым, мы зы семестрым дыкъелыт хуейщ иджыри», - жызоІэ сэри. Абдеж си гум зыхищІагъэнт сэ си тхылъхэм хурикъун семестрым фІэкІа сызэремыджэнур. Армэм сраджэ. Сыстудентти, еджапІэм сыкъыграчу армэм сызэрыдашыр згъэщІэгъуат, ауэ КъБКъУ-м сикІыу Москва ещанІэм сыщагъакІыну ягъэкІуэну хуит къащІырт. Университетым дежи щекІуэкІа эпреуэм пхыкІахэм сэри сащыщти, Москва ещанІэ сыкІуащ.

МКъУ-м и общежитым сыщІэтІысхьащ. Сэ зэгъэщІагъуат абы ущеджэ пэшышхуэ зэрыхэтыр. Студентхэр абы «боталкэкІэ» еджэрт. Сэ а «боталкэр» хэщІапІэ схуэхьуат. ЕджапІэм лъэсу сыкІуэрт, сыщыпсэум зы километр хуэдизыкІэ пэжыжьэу арати. Сыту гугъут яп илъэсыр! Экзамен зачёти стыжьиу щысхуэзэтрихьаи къыскуихуащ. МКъУ-м и программэр нэхъ

Адыгэ литературэр зыгъэбея

● Фэеплъ

Адыгэ Республикэм и цIыхубэ усакIуэ, Урысей Федерацэми Адыгейми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, зэдзэкIакIуэ, тхыдэ щIэныгъэлI, профессор щIэрыIуэ Бэрэтэрэ Хьэмид Ехьэ и къуэр псэужатэмэ, бадзэуэгъуэм и 9-м илъэс 90 ирикъунут.

БЭРЭТЭР Хьэмид Адыгэ Республикэм хыхьэ Теучэж районым и Къэзанокъуей къуажэм 1931 гъэм кьыщалъхуащ. Курыт еджапIэр дыжьын медалькIэ къэзыуха щIалэр щеджащ МГУ-м журналистикэмкIэ и факультетымрэ и аспирантурэмрэ. 1969 гъэм тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ. Луначарский Андрей и цIэр зезыхьэ, Театр гъэзджэмкIэ Урысей къэрал институтым (ГИТИС) и адыгэ студием щIэсхэр 1958 - 1960 гъэхэм иригъэджащ. Иужькъ ар щылэжьащ «Социалистическэ Адыгей», «Адыгейская правда», «Советская Кубань» газетхэм, РСФСР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм 1962 гъэм хьыкащ икIи Краснодар крайм абы щIэ и къудамэм и правленэм щылэжьащ литературэмкIэ чэнджэщэгъуу. Ар Кубань мэкъумэш къэрал институтым жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжьу, доценту щытащ. 1985 гъэм Адыгей къэрал университетым и доцент, иужькIэ и профессор хъуащ.

- Си гъащIэм увыпIэфI щызыубыда цIыхухэм ящыщщ щIэныгъэшхэр зыбгъэдэлъа, усакIуэ Іэзэ Бэрэтэр Хьэмид, - щитхащ ШащIэ Къазбэч и гуфкъэкIыжкэм. - Адыгэбзэ дахэ, къулей Іурылът Хьэмид. Куэд ирогушхуэ ар егъэджакIуэ нэсу ягу кьыздэгъуэ, Сэри абыхэм сащыщщ.

Бэрэтэр Хьэмид адыгэ усугъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищащ. Абы и Іэдакъэ кьыщIэкIа усэхэмрэ поэмэхэмрэ адыгэ литературэр ягъэбэтащ. Ахэр щыэхмухьэса тхыльэ 20-м щIигъу адыгэбзэкIи урысыбзэкIи кьыдигъэкIащ. Апхуэдэхэщ «Нэхулъэ» (1950), «Рассвет» (1957), «Гъатхэпэ псалъэ» (1960), «МахуэщIэ» (1969), «Дыгъэ нэбзий» (1964), «Жылэм и тхыдэ» (1974), «Гъунапкъэ жыжьэхэр» (1981), «Іыхьэ мыгъуэ» (1983), «Всё для тебя» (1991), «Бжьыхьэ пщIащэ» (1993), «Дыгъэпс лъагъуэ» (1994), нэгъуэщIхэри. Къыщыдэмыщlауэ, Бэрэтэр Хьэмидрэ урыс тхакIуэ Резников Павелрэ усэбзэкIэ зэдатха «Дочери аула» очеркыр 1964 гъэм Мейкьуапэ кьыщыдэкIащ. Бэрэтэрым адыгеибзэкIэ зэридзэкIащ Руставели Шота и «Витязь в тигровой шкуре» поэмэр, Гимерэ Анхель и «Человек и волк» пьесэр, Островский Александр и пьесэ зыбжанэ. Иужьрейхэм кьытращIыкIа спектаклхэр Адыгэ къэрал драмэ театрым щагъэуващ. Абы адыгэбзэм и кIаха диалектыкI иригъэзэгъащ Хетагуров Коста, Чуковский Корней, Кулиев Къайсын, КIыщокъуэ Алим, Хохлов Сергей сымэ я усэхэр. Іыхьэ Іапхъэщ Хьэмид и усэхэм ящыщ куэдым адыгэ композиторхэм макъамэ щIалъхьауэ узэрэджыIакIуэхэм зэрагъэзащIэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Накуэ Феликс, Карчаевэ Аминэ, Темыркъан Геннадий, Дзэгъэл Іуэс *сымэ.*

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Нэр ягъэгуфIэрэ псэр дахьэхыу

Налшык къалэ дэт Льэпкъ музейм сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн икIи щIэщыгъуэ къыщызэIуахащ. Нэр ягъэгуфIэ, псэр дахьэх музейм и блынжэм фIэдза сурэт щхъуэкIэлъпльакIэхэм.

ЦIыхУР гъащIэм зыщрихьэлIэ дахагъэхэм ящыщ зы яIащIэмыкIакIи ярейщ. Кьалэ узрамхэм «зыщапльыхьащ», щIыуэпсым и дэтхэнэ плIанэпэми «къуэплъащ», къэкIыгъэхэм я дахагъэри, псэущхьэхэм я теплъэ гъэщIэгъуэнри ди деж нэIурыт дыдэу къахьэсащ.

Гъуэджэм дихьэххэу, абы хуеджакъу Хьаний Маринэ («Аслъэн», «ПщIыкъэпIэ», «Гъэмахуэ», н.), Куэт Иринэ («Кавказ. Дыгъэ къыкъуэкIыгъуэу», «Шэджэм псыкъелъэхэр», н.), Кьэнэмэт Лейлэ («Дыгъэ къухьэгъуэм», «Іуащхьэмахуэ», «Жэщ уафэ», н.), Дзэгъащэ Беллэ («Дыгъэпс махуэр жыг хадзэ», н.) сымэ я ІэдакъэщхьэкIэр утыку кьрахьэныкIэ щIэгъэкъуэн хъуар «Blammo» Іэхъущ Іапэращ. Махуэшхуэхэр, еджапIэр кьэзыуухэм я пшыхьхэр, псапэ зыпылъ Іэхъухэр кьыззэзыгъэпэщ Іэнатlэм зэхиша мы зэIущIэмкIэ я мурадщ сурэтыщIхэм я ІэдакъэщхьэкIэр цIыхухэм яригъэльагъуну, аукционкIэ яцIу лэжьыгъэхэм кьыщIэкIа ахъшэр «Blammo»-м кьызэригъэпэщ «Голос. Дети» телевизионнэ проектым трагъэкIуэдэну мылъкум халъхьэну.

Гъэльэгъуэныгъэр кьыщIэзIуах зэIущIэм кьыщIэпсэльащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Аминэ**, КъБР-м и Сурэтыщ Іэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий**, Льэпкъ музейм и унафэщI **Накуэ Феликс**, Урысейм, Къзбэрдей-Балъкэрым я Сурэтыщ Іэм я зэгухьэныгъэм хэт **Дзэгъэл Іэуес** сымэ. Абыхэм посми зыжьэу жаIащ щIалэгъуэлъэм гъуэгу етын зэрыхуейр, нэхъыжьхъэм ейм кьыщцхьэщыкIыу абыхэм нэгъэщI Іуэху бгъэдыхьэкIэ сакIуэм и фIыгъэкIэ си Іэдакъэщ1экIхэр кьалъытэ хъуащ, сыдэзыхьэхыу щыта Іэщ1агъэр иджы си Іуэху нэхъыщхьэщ», - жеIэ Маринэ.

Куэт Иринэ 1998 гъэм Налшык къалэ кьыщалъхуащ. Щытхъэр реализм жыпхъэрщ, къигъэлъэгъуэну нэхъ фIэфIыр щIыуэпсым и дахагъэхэрщ. 2007 - 2014 гъэхэм ар щеджащ ГъуэзджэхэмкIэ сабий школ №91-м. 2014 - 2018 гъэхэм Щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкIэ колледжым и «Дизайн» кьудамэм щеджащ, диплом плъыжькIэ ар къиухащ. Иджыпсту Иринэ щIэсщ Кубань къэрал университетым (Краснодар къалэ) и художественно-графикэ факультетым. 2018 - 2019 гъэ адзагъуэхэм ар Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №6-м щылэжьащ. Иринэ и хъуэпсапIэщ езым и студие Налшык кьыщызэIуихыну, сабийхэр игъэсэну.

Кьэнэмэт Лейлэ 1970 гъэм къалъхуащ. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къэрал педагогикэ университетым и художественно-графикэ факультетыр къиухащ. КъБР-м и Музыкэ театрым сурэтыщI декоратору щолажьэ. И щхьэ закъуэ гъэлъэгъуэныгъэу плIы иIащ, абыхэм ящыщу зыр Тырхум и Истамбыл къалэм. Зэман дызыхуэкIуэм и мурадщ гъуэзджэхэмкIэ сабий студие къызэIуихыну.

Дзэгъащэ Беллэ 1989 гъэм Тэрч къалэм кьыщалъхуащ. Зэрысабий льандэрэ сурэт щIыныр зыхилъхьэ щIыIэкъым. Апхуэдэу щытми, школыр къиуха иужькIэ ар щIэныкъащ КъБКъУ-м и экономикэ факультетым. Іэщ1агъэ зригъэгъуэтам фIыуэ хэзагъэу ирилъэщащ, арщхьэкIэ и псэр зыхуеIэр аратэкъым. Сурэтыщ Іэмэпсымэхэр 2020 гъэм и фокIадэ маздэм кьыщтащ икIи кьыгурыIуащ ищIэну зыхуейр кьыззэригъэтэр. ЩIыуэпсым кьрит гурыщIэхэр тхьилъымпIэм е чэтэным зэрынихьэсым щогуфIыкI. Иджыпсту Ахьмэт Лиуан и деж гъуэзджэм и щхэхуэм зыщцыхуегъасэ, сурэтыщIу ущытынкIи пасыпышхуэуи кьелъытэ.

Псалъэ щратым сурэтыщIхэм фIыщIэ хуащIащ кьыззэхуэса псоми, я кьару емыблэжу ІэмэнымкIэ я гущIэр абыхэм къаззрыщыхъум куэд дыдэ зэрелъытари къыхагъащащ.

P.S. *Гъэлъэгъуэныгъэр бадзэуэгъуэм и 17 пщIондэ щыIэнущ, лэжьыгъэхэр щащэну аукционыр бадзэуэгъуэм и 13-м сыхьэт 15-м щIидзэу екIуэкIынущ.*

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Сурэтыщ1хэу **Куэт Иринэ, Хьаний Маринэ, Кьэнэмэт Лейлэ** *сымэ.*

● Футбол

Прохладнэдэсхэр етIуанэ дивизионым хуопабгъэ

Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIынальэхэм футболымкIэ я чемпионат йокIуэкI. Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр абы щехъумэ нэгъабэ ди республикэм щытекIуа Прохладнэ и «Энергетик»-м.

ИЛЪЭС тIощIрэ еханэ хъуауэ ирагъэкIуэкI мы зэхьэзэхуэр и зы Іыхьэщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизионым къыщызэрагъэпэщ зэпеуэм. Абы щытекIуэм Іэмал егъуэт гъэ кьакIуэ етIуанэ дивизионым дэкIуэтеину.

Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIынальэхэм футболымкIэ я чемпионатым накьыгъэм и 15-м щIидзащ. Ялп джэгуГъуэм ди щIалэхэр щаIуэщIэн хуеят Нэзрэн и «Ангушт»-м, арщхьэкIэ прохладнэдэсхэм зэхьэзэхуэщIэм зыхуагъэхьэзырыну зэрыхуэнэмысам кьыхэкIыу бадзэуэгъуэм и 22-м ягъэIэпэхъащ.

Накьыгъэм и 26-м «Энергетик»-м Прохладнэ кьыщригъэблагъащ Каспийск и «УОР-Дагестан» командэр. Ди щIалэхэр абы куэдкIэ ефIэкIащ икIи бжьыгъэшхуэкIэ, 3:0-у, хагъэщIащ. Топхэр я хьэрхуэрэгъуэхэм худагъэкIащ Урыс Аслъэн, Къурмэн Аскэр, Дудин Роман сымэ.

КъыкIэлъыкIуэу ирагъэкIуэкIа джэгуГъуэхэм я гъэщIэгъуэн ефIэныгъэ етIуанэ дивизионым щыджэгуа, Прохладнэ и «Кавказкабель»-м и капитану щытауэ иджы «Энергетик»-м и тренер нэхъыщхьэ Волков Александр и гъэсэнхэр щытекIуащ икIи нобэкIэ турнир таблицым бжьыпэр щыдагуэш апхуэдэ дыдэ ехъулIэныгъэхэр зиIэ Нэзрэн и «Ангушт»-м.

Ф ы щ ы д г ъ э г ъ у э з э н щ зэIущIэхэм кьарикIуа бжьгъэхэмрэ прохладнэдэсхэм ящыщу къыхэжаныкIахэмрэ.

Мэкъуэуэгъуэм и 1-м: «Динамо-Дагестан» (Мэхъэчкъалэ) - «Энергетик» - 0:2 (Иуан Азрэт - 2).

Мэкъуэуэгъуэм и 9-м: «Энергетик» - «Уралан» (Элиста) - 3:1 (Иуан Азрэт - 2, Урыс Аслъэн).

Мэкъуэуэгъуэм и 15-м: «Энергетик» - «Волгарь-М» (Астрахань) - 2:0 (Бажэ Амир, Иуан Азрэт).

Мэкъуэуэгъуэм и 23-м: «Дербент» (Дербент) - «Энергетик» - 1:3 (Апажэ Исльам, Дудин Роман, Урыс Аслъэн).

Бадзэуэгъуэм и 4-м: «Волгарь-М» (Астрахань) - «Энергетик» - 1:3 (Кьуэдзокъуэ Мухьэмэд, Бажэ Амир, Иуан Азрэт).

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щIыIэщ Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIынальэхэм футболымкIэ я чемпионатым хэнейрэ кьыщцхьэжаныкIа Иуан Азрэт. Абы топ тIурытIкIэ кьыкIэроху «Ангушт»-м щыджэгухэу Алиев Бэчхьанрэ Ахкильгов Залымхъанрэ, Дон Іус Ростов и «Нахичевань»-м и пашэ Богданов Роман. Урыс Аслъэн топищ дигъэкIащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр «Энергетик»-м и стадиони щIигъэкIыжынущ. Абы кьригъэблэгъэнущ Астрахань и «Волгарь-Ю» командэр.

ЖЬЛАСЭ Замир.

Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIынальэхэм футболымкIэ я чемпионатым (УФ-м и ещанэ дивизионым) зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Энергетик»	6	6	0	0	16-3	18
2. «Ангушт»	6	6	0	0	17-5	18
3. «Дербент»	8	3	2	3	10-13	11
4. «Нахичевань»	7	3	2	2	15-11	11
5. «Динамо-Дагестан»	7	3	1	3	9-10	10
6. «Уралан»	7	3	1	3	12-8	10
7. «УОР-Дагестан»	7	3	1	3	7-8	10
8. «Волгарь-М»	8	2	3	3	11-12	9
9. «Астрахань»	6	1	1	4	5-11	4
10. «Волгарь-Ю»	7	1	0	6	8-22	3
11. «Динамо-М»	7	0	3	4	8-15	3

● Ди щIынальэхэм

ПсыкIэ ирагъэкъу

Аруан къуажэм псы къыщIэшыпIэу 5 дэт пэтми, къуажапщ хьэблэм дэсхэм псы зэфэнур яхурикъуркъым. Еханэ убруупIэм елэжьын хуей щыхъум, къуажэ унафэщIхэр щIэлъэIуащ ар къэралым хухиха программэм хагъэхьэну. 2015 гъэ льандэрэ зыпэпльа Іуэхур иджыблагъэ яублащ.

«ПСЫ къабзэ» проектым хиубыда ухуэныгъэм текIуэдэну сом мелуан 12-р къэрал бюджетым къыхагъэкIащ, бадзэуэгъуэм и кIэм ирихьэлIэу лэжьыгъэр зэфIагъэкIынущ. Мы зэманым псы къыщIэшыпIэр зыхуэза щIыпIэр метри 130-м щIигъукIэ яубруущ, ар 180-рэ пщалъэм нагъэсынущ.

КъыщцIэшыпIащIэр яухмэ, къуажэдэсхэм псы зэфэнкIи зэрыIэбзанкIи тхьэусыхафэ яIэжьинкъым, къуажапщи къуажэкIи тэмэму къыззгъэпэща хьунущ.

ЗэIуэзэпэщ ящI

Прохладнэ къалэм и хьэблэхэр ирагъэфIакIуэ.

«Военгородок»-р абыхэм ящыщ зыщ. Абы дэт фэтэр куэд хъу унэхэм я бжьыпэхэр асфальткIэ кьращIыкIри, бордюрхэмкIэ кьащIыхьыжащ.

Унэм и щIыхьэпIэ къэс теIыхьэпIэхэр щагъэуващ, удз гъэкIыпIэхэр, сабий утыкуэр зыхуей хуагъэзащ. Зи хъуреягъыр къагъэнэху пщIантIэхэм пщыхьэщхьэкIэрэ щIыхуэхэм хуиту кьыщцкIуэ хъуащ.

Апхуэдэ пэжьыгъэхэр мы махуэхэм щызэфIагъэкIащ «Ремзаводым и уэх», «Дружба» хьэблэхэми. «ПсэупIэмрэ» кьалэ кIуэцIымрэ» лъэпкъ проектым хиубыда нэгъэщI щIыпIэхэми пэжьыгъэм щыпащэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Бзэхэм зэпащIэ

● Зэпеуэхэр

Налшык дэт «Синдика» хьэщIэщым «Гъунэгъум и бзэмкIэ уэрэдзэмрэ усэхэмрэ» зэпеуэм щытекIуахэм я саугъэтхэмрэ щытхъу тхыльхэмрэ щратыжащ.

«СИ ЖАГЪУЭ зэрыхъущи, си щхьэкIэ ди зэIущIэм сынрихьэлIэфакъым, - закъыхуигъэзащ текIуахэм видео Іэмалкlэ Къанокъуэ Арсен. - ИтIани, дызэрызэпэIэщIэм щхьэкIэ къэмынэу, фэ къыбгъэдэкI гухэхъуэгъуэр си деж къоз».

Фигу къэдгъэкIыжкыщи, Урысейм и махуэм ирихьэлIэу сенаторым иригъэкIуэкIауэ щытащ уэрэд жыIэнымрэ усэ кьеджэнымкIэ зэхьэзэхуэ. Абы кьызэщIиубыдар КъБР-м и закъуэкъым, атIэ Гъунэгъу республикэхэм ящыщ уэрэджьыIакIуэхэри артистхэри, щэнхабзэм епха Іэщ1агъэ зимыIэ сабийхэри балигъэхэри кьыдигъэщIыхуащ. Зэпеуэм хэтахэм я фIыгъэкIэ осетинхэм - адыгэбзэкIэ, адыгэхэм - балъкъэрыбзэкIэ, шэщэнбзэкIэ, балъкъэрхэм - адыгэбзэкIэ ягъэзащIэ усэхэмрэ уэрэдхэмрэ дедэIуэну Іэмал дгъуэтащ. ЦIыхупсэм анэдэлъхубзэр зэрыпэгъунэгъущ и лъабжьэр зэхьэзэхуэр щекIуэкIа махуэхэм къуэнэхуа зэкъуэшыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (унафэщI-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмрэ Іуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88, зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедлэр тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтекуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ, 357600, Ставрополь край, Есэнтыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхьу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894 ● Тираж 1.777● Заказ №1525

«Чайка»-р ирагъэкIуэтэх

Махуэку кIуам «Спартак-Налшыкым» Нартсанэ (Кисловодск) зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэ щыдригъэкIуэкIын хуеящ Песчанокопскэм и «Чайка»-м. АрщхьэкIэ джэгур щыIакъым.

ЩхьэусыГъуэр налшыкдэсхэм я хьэрхуэрэгъуэхэм щIэщхъу ІаззэрыльыкъуэкIарщ: Мэзкуу щекIуэкIа Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм и Къэзыщцытэ-дисциплинар комитетым и зэIущIэм унафэ кьыщащтащ Песчанокопскэм и «Чайка»-р апэ дивизионым кьыхагъэкIыу етIуанэм кьыззэрыгъэкIуэтэхьымкIэ. ЩхьэусыгъуэР зэIуэсИт илъэсИт ипэкIэ, 2018 - 2019 гъэхэм я зэхьэзэхуэр щекIуэкIым, Нэзрэн и «Ангушт»-мрэ Мейкьуапэ и «Дружба»-мрэ джэгум щIидзэным и пэ кьихуэу кьрикIуэнумкIэ зэрызэгурыIуар кьыззэрыщIагъэщащ. КъыщыжьэщIауэ, апхуэдэ дыдэу щащIащ Урысейм и кубокыр кьэхьыным ельэIа зэпеуэм илъэ иткIэ «Армавир»-м щыIущIами. Дауи, а псоми «Чайка»-м ахъшэ щIитащ икIи и текIуэныгъэкIэ иухащ.

Іузху мыщхьэпэхэр а гъэ дыдэм кьыщIагъэщащ икIи нобэр кьызэдэсым зэхагъэкIащ. Апхуэдэ бэлыхь хэхуа «Чайка»-м, дауи, зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ иригъэкIуэкIыну гукъыдэж иIэжакъым.

КЪАН Темыр.